

Bondye Pap Rele Lòm An Jijman San L Pa Avèti L Dabò

63-0724

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

“...rele di mil Anj,” alòske youn te ka detwi mond lan, “men Li te mouri pou ou menm avè m.” Sa se yon bagay tankou baz mwen vle genyen pou mesaj Dimanch maten m lan, si Seyè a vle, sou “Kisa Kris te ye?” Kounye a n ap atann nou petèt pou ti jèn fi sa yo ka chante kantik sa ankò pou nou, Dimanch maten. Frè Wheeler, se sèten mwen vle di ke w gen tout bon de ti dam de byen la, ak wòb yo, epi san makiyaj epi tout bagay konsa. Yo sanble Kretyen pou mwen, ap chante tankou epi aji tankou se sa. Se trè byen.

2 Mwen kwè, lòt jou mwen t ap di madanm mwen, se sèten nou gen yon pakèt dam ak aparans pwòp pa bò isi a. Mwen apresye sa. Cheve long pa yo ak figi yo pwòp, epi abiye ak desans. Mwen—mwen—mwen admire chak fwa m rantre la. Mwen te di Meda, “Mwen ta renmen gen yo tout yon sèl kou a on moman pou pran foto yo konsa m ap kapab montre lòt legliz fason legliz nou ye isi a.” Kote nou preche bagay sa yo, yo—yo obeyi. E nou kontan, Sa fè kichòy pou nou. Nou konnen kan nou—nou pote petisyon nou yo, si kè nou pa kondane nou, nou konnen Bondye tande nou.

3 Maten an, yon zanmi m, ki rete trè lwen de bò isi a, te etann lonje, yo t ap transpòte l pou apèn jis—jis an vi, m te panse ke li ta pral mouri nan kèk minit. Yo te rele, jou te apèn ap leve. Mwen te desann kabann lan, sou planche a, pou m te kòmanse priye pou vye bonòm lan e m te reyisi ak gras Bondye kontakte espri sa, men ni ki te retounen. Li te vin byen, sa te retounen ankò, ou wè, li toujou vivan avèk nou aswè a, pou glwa Bondye. Se vye Frè Dauch, katreven onz lane, ven—venteyen lane pase se te limit vwayaj lavi li. Men Seyè a bon epi ranpli ak mizèrikòd, kifè nou gen rekonesans pou sa.

4 Bon, Frè Neville, nou youn ap veye sou lòt e mwen konnen mwen jis te gen yon ti...apeprè yon sèvis de plis pou mwen isi a, e se va Dimanch. Epi mwen—mwen pa vle pran tan pastè pa m nan, mwen jis renmen tande l ap preche.

5 Dimanch swa lè l te preche a, mwen ka di w, mwen t al la ak yon zanmi nan ti sèvis a loto sa, pou m te pran yon sandwich apre sa, se te Frè Evans ak Sè Evans, epi kouri kay Frè ak Sè Sothmann anwo la. Frè Sothmann ak yo tout t ap fè remak konsènan mesaj mèveye sa. E, mwen ka di w, mwen t ap nouri m sou li tout semèn lan, prèske. E kèk nan remak sa yo sou jan otrich la panse li te kache tèt li. Bon, se vre, kan l plonje tèt li nan tè a, pi fò kò l soti kanmenm deyò. Kifè se apeprè fason nou aji pafwa. N ap eseye kache tèt nou dèyè yon bagay, gen toujou...petèt nou kanmenm gen pati ki vizib, ou konnen. Li wè chak ti pati lan nou, ou wè. Kifè mwen te vrèman apresye sa.

6 Apre sa mwen te panse, ebyen, mwen ta renmen pale ak legliz epi mwen te panse, ebyen, mwen—mwen...Frè Neville dwe pale avèk nou tout tan, kifè la kan mwen anba isit la petèt pou m ta retire kò m. Mwen pa vle ase ipokrit, si m pa gen apèl, oswa anyen, jis vin la nan kay la ak legliz louvri anba la. Mwen—mwen te gen...Mwen vle anba isit la paske mwen renmen nou.

7 Mwen ka di w, se sèten mwen se jan de...Tanperati isi a pa ale avè m, e mwen... e peyi a pa ale avè m e mwen alèjik ak è ki gen isit la. Jis menm kote è sa frape m mwen jis devlope bouton ak kò grate, drèt la, ou wè, e pa gen anyen ou ka fè konsènan sa. Epi mwen...ou pa santi w byen, pèsonn lan nou, lè nou bò isit la, paske nou on jan abitye ak tanperati byen wo sa.

8 Men, bon, gen yon sèl bagay ki atire m isi a se nou tout. Se vre, nou tout. Ou konnen, ou jwenn anpil zanmi, mwen—mwen tèlman gen rekonesans. Mwen kwè mwen...si m ta jis konte, pèsònèlman, moun mwen konnen, sa t ap petèt dè milyon patou nan mond lan. Yon moun te fè kalkil la yon fwa, e pwobableman pami konesans pèsònèl, se te apeprè dis milyon moun. Men gen yon bagay konsènan—konsènan lakay, konsènan yon seri moun: Yo jis...Tout moun gen sa, gen dè moun espesyal nan vi pa w. Ou konnen, mwen kwè sa. Si pa genyen, alò poukisa madanm nou espesyal pou nou? E poukisa—poukisa ke nou...Ou wè? Nou

se...madanm nou, mari nou, elatriye, sa—sa espesyal. E ou jwenn sa avèk zanmi. Gen yon bagay kèlkonk ki fè w jis renmen rankontre avèk yo pou jis ap pale avèk yo. Gen kèk ti kote.

9 E mwen te ka panse a vye marekaj sa la kote ti legliz sa kanpe a, e kote anvan l te bati isit la pa t gen anyen ke yon—yon ti etan. Se pou rezon sa ke wout sa plase lwen laba a, pou l te evite etan sa. An reyalyite sa se pwopriyete a, e lari a vin drèt nan papòt la la. Epi, men se te yon etan. Mwen sonje pandan m t ap soti la ap eseye jwenn yon kote pou bati yon legliz pou Seyè a, e m te jis yon jenn gason.

10 E mwen t ap tande sila yo, jenn kanmarad sa ak lòt sa laba, ki t ap priye sa fè yon ti tan, ak tout antouzyas sa. Mwen te panse, “Ou konnen, mwen te konn abitye priye konsa, san pran souf, apèn.” E apre sa ou vin granmoun, ou on jan ralanti on tikras, ou konnen, epi konsa. W ap avanse kanmenm, men “an dezyèm vitès” jan m te di Frè Wood deyò a la. Men, alò osi lontan...E la apre yon ti tan ou desann nan vitès enferyè, kan w atenn apeprè swasann dis oswa katreven, mwen kwè. Men, ou konnen, ...ou kontinye ap vanse, kanmenm. Toutotan ou ka bouje, ki diferans sa fè? Jis yon ti tan an plis pou rive la.

11 Mwen sonje jan mwen t ap priye, drèt la nan movè zèb sa yo, jis la kote chè sa ye kounye a, jis apeprè kote l ye a, se la mwen te trase yon ti chema pou m te konnen kote pou mete chè a. Bondye Seyè a te ban m plas sa. Wi, mesye. Bon, dirèk la nan pyè angilè a w ap jwenn temwayaj mwen sou yon vizyon jou maten mwen te depoze l la, nan moman mwen te apèn ka panse lè sa, li te di, “Sa se pa tabènak ou, men fè zèv yon evanjelis,” Li te di l. Mwen t ap gade e mwen te wè tout mond lan la, ak on syèl ble klere, ak moun ki t ap vini sot tout kote; w ap jwenn li nan pyè angilè a la. Ala mwen pa t panse ditou a sa ki ta pral rive, menm si vizyon an te di sa; san mank, sa pral rive la kanmenm.

12 Mwen te gen anpil entèvyou semèn sa, poutèt, Dimanch, Prezans byenveyan Seyè a te desann. E mwen te sipoze kite Lendi.

13 Mwen gen...nou poko pran vakans ankò, ak timoun yo. Vakans pa m ap vini pi ta, on ti jan pi ta. Men mwen te vle pran on ti tan ak timoun yo. Yo oblije retounen pou al lekòl kounye a, kifè mwen t ap panse ke semèn sa t ap yon bon moman. Gen Chicago semèn pwochèn nan reyinyon sa la.

14 Men alò onksyon Lespri a—a, mwen t ap panse, “Kounye a se moman pou gen entèvyou yo.” Kounye a se moman ke sila yo...ke mwen ka ratrape kèk nan yo la. Epi gen...M ap gade kèk nan moun yo chita la ki te nan pyès la. Yo konnen si Seyè a te rankontre avèk nou ou pa.

15 Yon bagay etranj ki...yo chak eksepte kèk dam ke Billy te jis plase nan yon espas jis anvan, yon dam ki sot Louisville, manzè te gen yon ti pitit fi ki te la, mwen panse ke yo vrèman fè pati Legliz de Dye nan Louisville, oswa yon bagay konsa. Men chak ka, yo chak ki te antre, anvan mwen te kite lakay Sentespri a te di m kiyès ki t ap la, kisa yo t ap mande. E mwen te ekri l sou yon bout papye pou te di jis sa yo ta pral mande ak kesyon pa yo fason yo ta pral poze yo, epi jan yo t ap jwenn repons yo. Apre sa mwen ta pral di yo, mwen ta pral di “Men senpleman sa ou...gade la, sa fè kèk minit pase la, sa Sentespri a...” Li te panche sou biwo a pou di, “Ou wè? Li te di m sa anvan menm ou te vini.” Ou wè? Men kan m te rive lakay, kiyès ki t ap la e kisa sa t ap ye, kisa atitid yo t ap ye, e tout bagay apwopo de sa, anvan menm mwen te kite lakay.

16 Mwen konn wè moman, anpil fwa, kote mwen t ap desann sou wout la, ap priye, m te ka wè liy priyè sa ap pase devan m e mwen te konnen chak non moun ki t ap nan liy priyè a, anvan mwen te menm rive la. Se vre. E mwen te konnen menm ki kote yo t ap chita nan legliz la e kisa yo...kouman yo t ap abiye e a kimoun yo t ap sanble. Ou pa di moun yo tout bagay konsa. Ou...Gen bagay k ap rive ou jis pa di yo. Se pa nesesè pou di yo. Mwen jis di moun yo bagay ke m panse ki pral ede yo, kan Seyè a pouse m pou di yo, lè L di, “Di sa a.” Ou pa vle di tout bagay ou te wè, paske sa pa t ap kòrèk, ou wè, ou jis...natirèlman, ou va gen pwoblèm ak tout lòt bagay konsa. Ou dwe konnen kouman pou jere bagay sa yo ak Lespri Seyè a.

17 Mwen te gen moun kanpe devan m pou poze m kesyon, mwen te konnen egzakteman, men mwen pap di yo, poutèt mwen jis santi m anpeche pou m pa fè l. Ou sonje, mwen kwè, èske se te Mèkredi swa pase, mwen te preche sou, *Yon prizonye?* Ou wè? Wè, ou vle di moun sa, men Yon Bagay di, “Piga w fè sa.” Lespri di, “Piga w fè l. Piga w fè l.” Poutan gen on don k ap gade l dwat, ou wè. “Piga w fè l. Piga w fè l.” Ou wè, kidonk ou t a fè mye pou pa fè l; apre sa ou gen pwoblèm ak Bondye.

18 Kounye a, nou pa desann isit la aswè a jis pou kanpe la. Nou vle tande Pawòl Seyè a. Nou te an priyè e nou te gen yon moman mèveye, epi—epi mwen...toujou lè m desann mwen konnen ke mwen jis pote yon ti liv tèks paske genyen...Pafwa Frè Neville tèlman byenveyan li jis kontinye ap mande m, “Èske w pral fè sesi,” oswa “fè sela,” oswa “pale?” E mwen konn gade isi a jouk mwen jwenn yon tèks kèlkonk e lè sa n ap kòmanse sa apati de la. E mwen sèten...Kounye a, asire w ke Dimanch...

19 Bon, mwen pa...Nou pa janm konnen, nou paka di. Ou wè, pafwa mwen vin isit la ak—ak on tèks nan panse m ke mwen t a pral pale sou li, epi rive la pou chanje l konplètman. Mwen konn gen Ekriti ekri, mwen konn di, “Mwen pral itilize tèks sa, mwen pral itilize Ekriti sa yo. Pandan y ap vini, mwen pral di *sesi*, *sela* ou se *lòtbò*.” Mwen ka ekri, jis tankou, Premye Korentyen 5:15, epi Dezyèm Korentyen 7:1, epi Matye 28:16, elatriye, jis pou mete l anndan konsa, desann la konsa, epi ekri Ekriti sa yo. Apre pou ap gade anba la, mwen konnen kisa Lèzekriti di la; pafwa pa janm menm touche sa, pou al toutotou yon fason diferan, totalman. Nou jis pa konnen.

20 Kifè kounye a, si Seyè a vle, mwen vle pale, Dimanch maten, pou klotire ti seri sèvis sa yo depi nou te isit la, sou yon bagay trè zenpòtan. Kifè, bon, vini bonè, prepare pou rete jis on ti jan ta, petèt apeprè dezè, yon bagay konsa. Kifè se...mwen gen apeprè trant a karant Ekriti deja note sou sijè a, men m panse a sa...sa m pral eseye fè, si Sentespri a va ede m, pou sezi Mesaj la ak plas kote Li ye la, pou ap bati L drèt kote L te kòmanse a, epi bati L drèt ap monte jouk nan tan prezan an.

21 Konsa kan m—m te kite al Chicago, lè sa m te oblije al dirèk an Arizona, epi ap kontinye, kontinye. E se petèt, pou sa m konnen, sa kapab lane pwochen ankò, petèt lete pwochen, anvan m retounen nan tabènak la, pou jis ap travèse fason sa ankò, poutèt mwen gen dè reyinyon.

22 E Billy, kounye a la, ap travay sou vwayaj lòtbò dlo pou yon tou di mond konplè k ap kòmanse imedyatman apre Nowèl. E mwen okipe jouk apeprè Desanm, epi, ebyen, petèt premye semèn nan Desanm lan, gen Dallas. Kifè la—la an Janvyè nou vle kòmanse ak yon tou di mond konplè, pou fè tout tou a, konplètman, e n ap travay sou sa kounye a, pou jwenn

jis ki kote Seyè a ap kondwi. Epi—epi mwen—mwen tèlman gen rekonesans pou...menm pou moun yo, minis yo, menm si mwen di anpil kont denominasyon pa yo—pa yo ak bagay konsa.

23 Ou konnen, nan liv ki etale drèt dèyè a la kounye a, Frè Roy Borders ap okipe l de envitasyon yo, e depi Nowèl, premye jou nan ane a, te gen plis ke mil envitasyon toupatou nan mond lan. En-en. Mil envitasyon te antre dèyè a la. Kidonk Seyè a jis oblije dirije m sou ki kote nan sa yo pou m ale, e kisa pou m fè. Nou senpleman depann de Li. Ou paka pran yo tout. Ou—ou paka pran plis ke uit oswa dis nan yo pandan yon ete si w ta oblije, pandan yon—pandan youn okonplè....sof si w jis ale yon nwit isit e yon nwit laba, e sa...demand yo se pou de a twa semèn, ak bagay konsa, oswa osi lontan ke w ka rete, oswa kèk nan yo di “jis osi lontan ke Seyè a va kondwi w,” epi—epi tout bagay konsa, kifè ou pa konnen jis egzakteman kote pou w kòmanse oswa sa pou w fè. Kidonk nou jis depoze yo devan Seyè a, pou ap di, “Kounye a, Oumenm di nou, Pè Selès.” Epi ede m priye sou sijè a, ou wè, ede m priye pou nou ka regle sa.

24 E mwen t ap panse, apre m te fin gen sèvis gerizon Dimanch dènye a, petèt la Dimanch sa si nou te jis pran ansèyman an pou mennen l drèt epi montre ki—ki tan ke n ap...kote nou ye, kisa—kisa—kisa ki twa bi gran plan Bondye a ye depi anvan fondasyon mond lan, pou ap mennen l desann jiska jodi a, twa bi plan Bondye a, plan an. M ap travay sou dezyèm pati a kounye a, ap rasanble Lèzekriti, ap chache yo pou plase yo.

Bon, annou wè, annou bese tèt nou jis yon moman.

25 Seyè Jezi, gran Bèje patiraj la, nou rasanble isi a aswè lan Non ki pi sen, pi byenveyan W lan. Nou renmen W, Seyè, e nou remèsye W pou sware reyinyon priyè sa, pou chan legliz la pandan nou t ap chante yo ak lajwa nan kè nou, e—e ap tandè yo pandan yo t ap vini, pou ap bat men. E apre sa nou te desann sou jenou nou epi nou t ap vide kè nou ba Ou, epi nou te remèsye W pou sa W te fè pou nou, epi—epi ap mande W pou kontinye mache avèk nou.

26 E kounye a lè a rive pou fè lekti Pawòl la pou n ka pale sou yon bagay, pou moun yo. Dirije nou nan panse nou, Papa, e pran glwa a. Epitou di yon bagay aswè a, atravè nou, ki va ede nou tout soti isit la ak on bi nan kè nou pou viv mye epi pi pre W ke nou te janm ye. Se pou sa nou isit la, Seyè, nou la pou konnen plis konsènan Ou. E nou priye ke W va deplwaye gwo

tonton Èt Ou a pou nou aswè a nan revelasyon Pawòl Ou, pou nou ka konnen kouman pou nou vin yon—yon meyè Kreyen e kouman pou nou aji nan dènye jou yo. Nou mande I lan Non Jezi. Amèn.

27 Bon, je m tonbe sou yon tèks isi a nan Ezayi, Ezayi 38. Ann li nan Ezayi, Ezayi 38.

Nan jou sa yo Ezekyas te malad pou mouri. E Ezayi

pwofèt la pitit Amòs te vin kote I, pou di I, Ensi di Seyè a, Mete kay ou annòd: poutèt ou pral mouri, e ou pap viv.

Aprè sa Ezekyas te tounen fas li nan direksyon miray la, e li te priye Seyè a.

E li te di, Sonje, O Seyè, mwen sipliye w, kijan mwen te mache devan w nan laverite ak yon kè pi, e kijan mwen te fè sa ki bon nan je pa w. E Eze-...Ezekyas te kriye anpil ak dlo nan je

Alò pawòl Seyè a te vin jwenn Ezayi, ki t ap di,

Ale, epi di Ezekyas, Ensi di Seyè a, Bondye David zansèt ou, Mwen te tandè priyè ou, Mwen te wè dlo nan je w yo: men ni, M ap ajoute kenz lane sou jou w yo.

28 Ke Seyè a ajoute benediksyon L sou lekti sa. Se yon sijè ekstraòdinè pou yon mesaj tou kout la, mwen kwè. Mwen vle rele I: *Bondye Pap Rele Lòm An Jijman San Li Pa Avèti L Dabò.* E nou dwe—nou dwe—nou dwe sezi kontèks oswa baz sa la, nan tèks sa aswè a, Bondye k ap avèti lòm anvan L mennen I devan lanmò li.

29 Bon, tout moun sezi sa. Nou ka di, “Ebyen, nonm sa mouri san avètisman.” Non, non, non. Bondye jamè...Ou pa konnen kisa ki te nan kè nonm lan, ou pa konnen sa k t ap pase nan vi I. Ou wè? Bondye pa janm mennen yon nonm jouk nan lanmò I san avèti I dabò konsènan sa, pou ap di I, se yon bagay, yon preparasyon. Bondye sou—sou souvren, e Li—L ap frape nan kè chak moun, pou ba I opòtinite pou L vini. Kounye a, li ka sove al lwen pou rejte L, epi—epi sekwe tèt li bay Sa pou al fè wout li, ap di, “Aa, se jis yon dwòl sansasyon, sa ap pase.” Men, kanmenm, se te Bondye, Bondye ki t ap pale avè I.

30 E Bondye pa janm voye jijman sou latè san L pa bay moun yo on avètisman dabò. Bondye pa janm fè anyen san deklare dabò sa Li pral fè a. E Li bay moun yo on chwa, e ou ka—ou ka fè byen oswa mal. Sa se Li...Ou wè, Bondye pap janm chanje nati Li—Li. Pwogram Li pap janm chanje parapò a sa L te kòmanse avè l, paske Li enfini e pwogram Li ak ide L yo tout pafè. Kifè, si L ta chanje L, sa t ap montre ke Li te aprann an plis. Kidonk, poutèt Li enfini, Li paka aprann plis. Premye desizyon Li—Li—Li toujou pafè, e pa gen anyen ki ka janm chanje L. Ou wè?

31 Bondye, anvan lòm te janm retwouve...te gen yon chans pou fè mal, bondye te plase l sou baz kote li te ka aksepte ou refize, li te ka resevwa l ou—ou pa.

32 Dizon, an pasan, si minis sa la, Frè Baker, mwen kwè li te nan entèvyou a—a lòt jou, mwen gen kesyon l lan ke li te ekri pou mwen sou semans sèpan an. Mwen te genyen yo etann dèyè a la kounye a. Si l isi a, enben, ebyen...Mwen pa wè l ankenn kote pou kounye a. Men yo la. Limenm ak madanm li, yon nonm ak yon—yon dam trè de byen, men yo—yo pa t ka konprann kèk bagay konsènan ansèyman semans sèpan an, kouman ke—ke...kèk kesyon apwopo de sa mwen te di, epi—epi konsènan predikasyon pi lwen ke sa, e—e ap pale konsènan vin ansent lan elatriye. Men mwen...la se jis tankou frè a, yon nonm de byen, jis on Kretyen depi kèk lane oswa dezan, men li jis pa t ka konprann, ou wè.

33 Se difisil si w pa...Ou dwe depann de Sentespri a paske Bib sa te ekri an parabòl. Ou paka jis chita pou li L tankou yon jounal. Li kache. Wi, mesye. Kijan w t ap ka janm jistifye Bondye kan L te di Moyiz anwo a la, Li te di, “Kounye a, piga w fè ankenn imaj taye,” nan kòmandman L yo, “piga w fè anyen ki tankou bagay nan Syèl, ankenn—ankenn Anj, oswa ankenn lòt bagay, piga w fè ankenn imaj taye,” e poutan menm jou a Li te di l pou l te fè de Zanj ak metal eren pou mete yo drèt sou syèj mizèrikòd la, kote mizèrikòd chita? Ou wè? Ou dwe konnen Bondye ak Nati Li anvan w ka konprann Pawòl Li. Li—Li—Li posede kle pou Pawòl sa, Li menm, e Li—Li se sèl Sila ki ka—ka manye L pou louvri L, e konsa Li se Sila ki dwe revele L.

34 E kounye a, nou jwenn ke Nati Li, la, se te pou toujou avèti yon nonm anvan jijman, pou avèti yon nasyon anvan jijman, elatriye. Li toujou bay avètisman L, yon rapèl pou nou, ke se yon zafè responsabilite. Nou responsab, e Bondye te plase nou isit sou tè a pou yon rezon, e

rezon poukisa Li te mete nou isi a, nou responsab devan L pou rezon sa. Ou ta dwe al kote L pou jwenn sa Li vle w fè. Ou wè? Si w pa fè sa...

35 Si w t al travay pou yon nonm, epi li ba w yon travay sou yon ranch, oswa yon lòt bagay, epi w jis ale nan granj lan e jis chita deyò a la a, epi di, "Bon?" Gade non, ou fè mye al mande l kisa l vle w fè, epi answit fè l. Si w ap travay pou yon nonm, chache konnen ki sa travay ou ye.

36 E alò si n ap viv sou—isiba sou tè a, kidonk nou ta dwe al kot Sila ki mete nou isit la, epi, "Senyè, kisa w vle m fè? Kisa—ki—kisa m dwe fè? Poukisa m isit la?" Si se pou yon menajè, lavèz asyèt, si se pou... Tout sa Bondye vle w fè, alò ou fè sa le mye ke w konn kouman pou fè l. Kèlkeswa jan l piti, kèlkeswa jan ke l piti a, ou dwe fè l.

37 Ou di: "Ebyen..." Pwoblèm nan, sè ke, chak nan nou vle fè travay nonm a kote a. Nou tout vle pote boul la, jan n di a, ou wè.

38 Tankou mont sa a la a, kounye a, chak ti mouvman la a gen plas li. Epi, chak pati nan li pa kab zegwi yo. Ebyen, m sèlman gad zegwi yo pou wè ki lè l ye. Men, si youn nan ti wou yo ki la a tonbe an pann, sa p ap bay bon lè a.

39 Epi se konsa sa ye ak moun. Nou tout, kò Kris la, dwe ret nan pozisyon yo, an amoni. Ou wè? Lè sa a, nou ka gade ozalantou epi wè ki lè nan jounen an li ye. Ou wè? Alò mond lan ap chèche wè kisa l ye. Ou wè? Ou wè? Men y ap obsève w. Men, si ou se jis yon ti resò, resò prensipal la, oswa kèlkeswa sa w ye a, ou fè meyè travay ou kab fè pou sa.

40 Kounye a, paske, nou gen yon responsablite ke nou gen pou reponn devan Bondye yon jou. Chak moun ki vin sou tè a gen pou l reponn devan Bondye pou yon responsablite. Epi, pou anpil nan nou, kòm jesyonè, nou gen pou n reponn. Noumenm...Responsablite sa a se yon jerans ke Bondye te konfyè w, mwen pa enkyete m sa l ye a. Kòm mwen te di a kèk moman de sa, "Ou se yon menajè," Alò fòk ou se yon menajè otantik. Se sa. Si se pou yon kiltivatè, fòk ou se yon kiltivatè otantik. Kèlkeswa sa ke Bondye te mete w pou fè, ou te gen yon responsabilite pou sa, ou gen pou w reponn devan Bondye paske sa pran tout bagay sa yo pou w fè l.

41 Yo te di Ezekyas pou l pare ep met bagay li annòd paske l te gen pou l rankontre Kreyatè li la. Kounye a, Ezekyas te yon wa, epi yon—yon nonm remakab. Èske w te remake demann li a la a? “Seyè, mwen sipliyè W pou W pran m an konsiderasyon. Mwen—mwen te mache devan ou ak yon kè pafè.” Ala yon temwayaj sa ye pou—pou—nou jodi a, e l ta dwe, pou yon nonm k ap mache devan Bondye.

42 Menm lanmò te pwononse sou nonm lan e poutan Bondye te chanje lide L osijè de li, paske Ezekyas te vle fè yon bagay e Bondye te di Li“ta pral akòde nou dezi kè nou”. Epi, tan Ezekyas te rive, e l—li te gen yon kansè, oswa yon lòt bagay, epi—epi yo te rele li "yon ilsè" nan jou sa a, men nou konnen ilsè pa toujou touye w, yo jis geri. Men, li te petèt yon kansè, epi li louvri tankou yon ilsè. Epi—epi Bondye te di Ezayi, li te di, "Al anwo a epi di l ke l pral mouri." Epi Ezekyas te gen yon bagay li te vle fè ankò. Li te gen—li te gen...

43 Lè w sipliyè Bondye pou yon bagay, ou dwe gen yon rezon pou sa. Se jis menm jan ak Ekriti sa a ke m souvan refere m a li a: “Si w di mòn sa a: ‘deplase la a,’ epi w pa doute, men kwè ke sa w te di a ap rive vre, ou ka gen sa w te di a. .” Koulye a, sa a anmenm tan te kontwole pa motif ak objektif, ou wè, oswa li pa pral rive. Ou wè?

44 Ou jis pa ka sot deyò a la a... Se la a anpil nan nou fè yon pakèt erè, ap soti deyò a epi di: “Kounye a, m ap montre w mwen gen lafwa pou m fè sa.” Koulye a, ou gen tò pou kòmanse. Bondye pa ba w don yo pou w jis jwe ak yo.

45 Jan mwen t'ap di a yon ti tan de sa, li pa fè nou wè vizyon sèlman pou n jwe. Se pa yon bagay pou jwe avè l. Sa a se sakre. Jis sèvi avè l nan... jan Seyè a pral pèmèt ou a. Fè w yon prizonye pou li. Pe enpòt konbyen w vle di nonm sa a li gen tò, e ke sesi, sela, oswa lòt la, sa, ou kenbe la jiskaske Bondye di se sa. Lè sa a, lè Bondye admèt li, alòs, ou ka vini ak ENSI DI SEYÈ A! Annatandan, jis bliye sa.

46 Mond—Mond lan jodi a jis menm jan l te ye lan tan Ezekyas la, yo te avèti. Yo te avèti an pèmanans. Legliz la te avèti. Epi, kounye a, bagay sa yo jis pa rive pa—pa chans. Yo tout te gen yon bagay dèyè yo.

47 Ebyen, Ezekyas, lè l malad, avèk ilsè sa a, se pa t yon aza. Bondye te voye Ezayi anwo a e l te di l pou l te met kay li annòd kounye a paske l ta pral mouri. Epi Ezekyas te kriye, e l te di Bondye: "Mwen te mache devan W ak yon kè ki pafè e— m priye W pou epaye lavi m pou yon kòz, yon bon kòz, kòz Bondye a." Bondye di pwofèt la, li di: "Tounen al di l."

48 Kounye a èske sa pa etranj? Ezekyas se te pi grantòm nan peyi a. Ou wè? Ezekyas te yon wa, e yon nonm ki pye. Li te yon veritab òm, si l te kapab plede sa devan Bondye epi Bondye pa t reprimande l pou sa, "Mwen te mache devan W ak yon kè pafè," kounye a sa vle di yon pakèt bagay. Ou wè?

49 Epi Bondye pa t janm di: "Non, Ezekyas, ou pa t fè l," men li admèt ke l te fè l. Epi Li te di: "M pral—M pral epaye lavi w yon ti tan ankò." Ou wè? "Mwen pral reponn demann ou a," ou wè, paske li te yon nonm jis, li te yon—yon vrè sèvitè Kris la.

50 Apre sa nou santi ke n gen dwa pou n mande yon bagay si—si objektif nou an kòrèk, epi answit motivasyon nou pou atenn li a.

51 Kounye a, nou wè jodi a ke depi dis dènye lane ki sot pase yo, m ta di depi dènye kenz, a plizyè lane, ke gen yon avètisman an pèmanans atravè nasyon an, "Repanti, oswa w ap peri!"

52 Ou remake, mwen t ap pale jodi a ak madanm nan jis bonè maten an, epi mwen... bonè lè manje maten an, nou te chita bò tab la ap pale anvan m te ale. Mwen te di, "Madanm mwen..." Li t ap pale de Billy Graham, e osijè de madanm li, jis ki jan y ap eseye viv yon vi senp e tout sa. Mwen te di, "Sa se yon vrè sèvitè lè pa eseye... lè l...moun petèt fè de oswa twa milyon dola pa ane nan kanpay li yo, men li pa resevwa l, fondasyon lan pran l, li retonen l nan zè la ak emisyon an, elatriye. Epi Billy gen anviwon vennsenk mil pa ane."

53 Li di: "Kouman pou l ta janm depanse vennsenk mil chak ane?"

54 M te di, "Li—li pran jis sa l dwe pran, se tout. Li gen yon kay pou peye, ak tout bagay." M te kontinye, epi m te di, "M gen anpil respè pou Billy Graham," m te di, "paske l gen yon mesaj, e mesaj sa a se repantans."

55 Epitou, m ap di w, pa gen pèsonn ke m konnen, ki nan peyi a jodi a, Bondye te itilize ak mesaj sa a pase Billy Graham. Oh, li te konprann li byen, epi li jis kanpe la a epi, m vle di, li rele politisyen sa yo ak manm legliz yo pou repantans. Men sa pi lwen ke I te ale.

56 Epi men frè Oral Roberts, yon lòt gran sèvitè Senyè a. E pa gen moun k ap sot la a epi vin konpare I ak Oral Roberts. Priz bouldòg sa a pou jis—jis chase move lespri yo epi envoke Non Senyè a ak—ak ti sansasyon yo, elatriye, apwopo de gerizon divin. Se egzakteman sa. Gen yon mesaj pou Lapannkòt la.

57 Gen yon mesaj pou mond legliz denominasyonèl la, ou wè, epi mond ki frèt la.

58 Apre sa nou gade toutotou nou nan pwòp ti ministè enb nou an, ki kanpe sou “Jezi Kris la ki se menm nan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” ou wè. Kisa sa ap fè? Rele gwoup Lepouz sa a, ou wè. Ou wè? Ou wè, li—li rele nan tou de gwoup sa yo. Li fè yon wou soti nan wou an. Ou wè sa m vle di?

59 Epi alòs Bondye konfime mesaj sa a ke Billy Graham preche a. Bondye geri malad yo pa priyè Oral Roberts. Epi Bondye pwodui bagay sa yo ke Jezi... ki pwouve ke Jezikri se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan. Epi I ap rele bagay sa yo ki...Se mesaj pou lè a. Epi chak mesaj sa yo ap rele: “Repanti, oswa peri!” Se vre. "Repanti, oswa peri!" Pa gen espwa, tout bagay fini. Mond lan te avèti konsènan vini L lan. Chak mesaj yo pale epi avèti sou Vini Senyè Jezi a, tou lè de pou legliz denominasyonèl la...

60 Sonje byen, Bondye toujou manifeste an twa. Tankou Pè, Fis, e Sentepri; epi jistifikasyon, ak batèm-...ak sanktifikasyon, batèm Sentepri a; konsa; Li manifeste an twa.

61 Kounye a, Bondye se mesaj repantans sa a pou legliz nominal la. Bondye nan mesaj gerizon divin sa a pou legliz pannkotist la. Bondye nan mesaj pou Lepouz la. Ou wè? Konsa nou jwenn ke tout apèl sa yo, youn pou si, si pou sa a, e sa a pou sa a. Bondye rele legliz la soti nan mond lan; rele... legliz la soti nan legliz denominasyonèl la pou antre nan pannkotis; epi rele Lepouz la soti nan Pannkotist. Ou wè?

62 Tankou Luther, Wesley, epi kounye a. Ou wè, tou sa te jis pafètman tipifye epi pa gen okenn erè nan sa. Mwen te al nan tou dènye bout la, pase a kote yo, epi andedan ak deyò li, epi montre l pa ekriti a, pa kwonoloji li, jiskaske nou konnen ke se absoliman Verite a. Ou wè? Pa gen okenn erè. Dimanch mwen espere ke Bondye anfonse l tèlman fon ke w pap janm ka elwaye w de li. Ou wè?

63 Kounye a, Bondye ap bay avètisman: "Prepare w pou yon jijman." Bonm atomik yo nan hanga yo, tout bagay pare. Epi Bondye, anvan L te kab kite bagay sa a rive, Li rele an ba a, tankou L te fè nan Sodòm, "Soti nan li. Prepare w. Gen yon bagay ki pral rive."

64 Menm jan ak epòk Noye a, anvan ke Bondye te voye dlo pou detwi mond lan nan gran monn antediluvyen an ki te plonje nan peche, jan ke Jezi te klèman di ke se te yon jou jis tankou sa a. "Kòm sa te ye nan epòk Noye a, se konsa sa pral ye lè Fis lòm nan ap vini." Ki jan ke medam yo ap fè ravaj, ep-epi ap marye e bay tèt yo an maryaj, e-epi gwo reyalizasyon syantifik yo, epi entelijan edike yo ki te ranje yo kote entelektyèl yo, alòs ke ti twoupo enb la chita yon kote ap tann jijman an annatant lan epi lè pou l chape l la. Epi anvan Bondye te voye jijman sa a, li te voye yon pwofèt. Um-hum.

65 Menm jan l te fè pou Ezekyas la, li te di: "Prepare w, paske jijman ap prepare pou tonbe."

66 Li prepare moun yo pou lè a. Noe te prepare moun yo, e se te yon apèl mizèrikòd anvan jijman an.

67 Yo te fè Niniv konnen anvan lè yo rive. Bondye te gade anba nan Niniv, e L te di: "Mwen—mwen jis malad e fatigue ak bagay sa yo." Mwen—mwen—mwen konprann ke—ke...byenke ke mond gran, payen, moun lòt nasyon sa a ...Vil yo a, jan sa te ye nan epòk yo a, yo te jije yo pa vil; kouny e a se pa nasyon, kounya apre popilasyon an fin gaye jan li te ye a. Li te di: "Gran vil sa a te lage tout antye nan peche."

68 Epi, anvan li te voye jijman, li te voye yon mesaj avètisman, "Soti nan mitan !! Fè vit!" obsève, pwofèt la pa t janm di anyen lòt—sinon pou l di: "Nan karant jou vil sa a pral detwi."

69 Epi, oh, kouman pafwa se difisil pou w fè de tèl bagay konsa, pou al di moun. Si pwofèt la pa fè atansyon, li pral gen pwoblèm, paske li pral yon ti jan ap renka kò l sou kote, ap eseye rann li fasil, oswa fè konpwomi yon ti kras pasi ak yon ti kras pala. Men, vrè pwofèt ki te resevwa lòd Bondye a, pa ta dwe janm konpwomèt anyen, li ta dwe absoliman egzekite l alalèt.

70 Se poutèt sa li te itilize lespri Eli anpil anpil, ou wè, paske lespri sa a te toujou egzekite lòd Li yo. Ou wè? Gade, li te bay lòd li yo egzakteman sa Li te ye a, epi se te toujou yon "Tounen nan Pawòl la!" Ou wè? Toujou mennen yo tounen nan Pawòl la.

71 Kounye a, nou jwenn Niniv nan peche. Epi pwofèt la te ezite paske se te yon mond moun lòt nasyon, ou wè, se te yon nasyon payen, yon pèp payen; se pa moun li yo, se pa ebre. Yo te moun lòt nasyon yo. Yon gwo bato a, Niniv te yon pò maritim komèsyal, La te gen gwo lapèch endistriyèl, pèp la te fè lapèch. Epi—epi yo—yo te gen...dwe te gen yon gran peyi ki nan peche la a. Anpil lajan; epi—epi kote ki gen anpil lajan, epi moun yo ap swiv opinyon popilè pou jou a, peche toujou ap reye, ak vyolans.

72 Bondye te fatige ak sa. Se konsa, li te gen yon pwofèt nan peyi a, alò li di pwofèt li a, "Desann lavil Niniv la, epi rele fò, epi di: 'nan karant jou lavil la pral detwi.'"

73 Ebyen, Jonas te panse kounye a: "Ou konnen, mwen ta ka gen yon ti pwoblèm." Konsa, li te vle plis sèten, kidonk li te panse li ta pran yon ti vakans epi—epi desann Tasis. Epi nou te aprann ke... te rete jis karant jou. Ou wè?

74 Konsa Mesaj la ijan, lè a rive. Pa pèdi tan w ak lòt bagay epi fè yon diplòm Bakaloreya an na epi chache konnen yon bagay. Lè a rive! Se sa k genyen ak moun jodi a, nap eseye konstwi gwo lekòl e gen gwo bagay konsa. Lè ke mizerikòd... Oh lala! Si n ap preche Vini Senyè a, kisa n bezwen nan lekòl yo? Nou bezwen repantans anvè Bondye! Ou wè?

75 Tankou jan Hudson Taylor te di jèn misyonè a, li te di... Oswa, yon jèn ti gason Chinwa te vin kote l, li te di, "Mesye. Taylor," li te di, "Senyè Jezi a te ranpli m ak Lespri l." Li te di: "Mwen—mwen tèlman kontan!" Li te di: "Èske m ta dwe pran dis lane kounye a pou m gen diplòm mwen yo elatriye?"

76 Li di: "Pitit mwen, pa tann diplòm yo. Si chandèl la limen, al di Li! Al di li. Pa tann diplòm yo. Non. Ou pral mwatye boule anvan w fini, ak diplòm ou yo."

77 Ann, lè li limen, si w pa konn anyen lòt, jis di ki jan I te limen. Epi jis—jis pa eseye pran plas yon lòt moun, oswa plas yon bagay. Lè w konnen I, jis di sa w konnen ki se Laverite, "Sa a se fason ke I rive sou mwen, e se konsa mwen te santi m apwopo de li." Sa a...Si w pa konnen plis pase sa, di sa a! Ann ale! Mesaj la ijan, tan an rive.

78 Bon, e si Ezayi te di : "Bon, kounye a m pral tann pou m wè ki jan I ap aranje I ak ilsè sa a, dabò, ou wè. Wè ki jan—ki jan sa..."?

79 Ou wè, Bondye di I, "Monte la a epi di I, kounye a menm!" Ou wè? Epi Li di Jonas pou I ale. Oh, lala!

80 Epi lè li te ale nan oseyan sa a e nan lanmè fon sa a, epi—epi bato a te bloke nan tanpèt la, epi yo te leve vwal la epi yo te vire tounen, yo t ap mande yo kisa ki t ap pase la ba a. Men yo pa t kab konprann, te sanble ke bagay la vin ranpli ak dlo. Epi—epi chak moun t ap rele bondye pa I la, epi premye bagay ou konnen... Jonas te an vakans, kidonk li te panse ke I ta ka dòmi byen, e li te dwe desann nan pòtay bato a, epi li te kouche la avèk pye I yo ki soutni, I ap dòmi. Epi yo di: "Reveye, o parese, epi rele Bondye w la!" Epi Jonas te konnen sa k te pwoblèm nan. Se konsa, chak moun konnen sa k pwoblèm nan jodi a! Ou wè?

81 Epi li di: "Tout sa se fòt mwen. Pran m, mare men m, lage m nan lanmè a, epi lè sa a pwoblèm sa a pral sispann." Apre sa, yo te yon jan de moun debyen ki te tankou yon bann zanmi epi yo pa t vle fè sa, men yo te dekouvri ke I te yon pwofèt epi I te konnen de kisa I t'ap pale a. Li te di, "Mwen—mwen te panse m ta p pran vakans mwen dabò, men—men Senyè a pa vle m pran vakans sa a. M te oblije al laba a, m te gen yon travay pou m fè. M te panse ke m ta repoze yon ti kras anvan m ale, men mwen oblije ale. Mesaj la ijan, mwen dwe al laba a."

82 M ta imajine, lè pwason patikilye sa a ki te prepare a te fè Jonas desann nan vant li, li te fè yon demitou, li lage dlo nan tout peyi a, epi li te dirije I Niniv osi vit ke I te kab ale, paske li te

gen yon pasaje mesaje e I te oblije mennen I la. Li te pran move bato a, men Bondye te dispoze yon bato pou li.

83 Kidonk, nou konnen, Bondye kapab fè de bagay ekstraòdinè si nou jis koute I. Ou wè? Li—Li pral fè—Li pral fè chemen kote ki pa gen okenn chemen. Li se Chemen an. Ou wè? Epi lè Mesaj la absoliman ijan, menm jan I ye jodi a, Bondye founi yon fason.

84 Nou remake ankò lè Amòs...Mwen te preche sou kanmarad sa a, Amòs. Si w ta renmen li istwa a nenpòt lè, li bon anpil, li istwa Amòs, premye chapit Amòs la. Li se yon lòt tip avètisman yo—yo bay anvan jijman frape peche. Kounye a, vil li te pral bay avètisman kont li a, laba a, se te yon pakèt Juif ki—ki te soti yo tout nan chimen ki te trase a e yo te vin tounen yon gwo sant pou touris. E—e mwen imajine, kòm mwen te bay egzanp lan maten an, lè m t ap pale de li a, ke, lè tèt chòv li a te vin parèt anlè tèt ti mòn lan ak ti je I yo ki te retresi pandan I te gade anba epi I te wè peche gran nasyon sa a ak pèp sa, bab blan li pandan I ap touche I konsa. O la la, ala yon bagay! Men pèsonn pa konnen ki kote li soti.

85 Pèsonn pa konnen pwofèt sa yo, yo jis leve soti yon kote epi yo ale menm jan an.

86 Men li te antre nan vil la ak “MEN SA SEYÈ A DI! Repanti, oswa peri! Paske Bondye pral detwi nasyon sa a. Li pral—Li pral baleye plas sa a sou tè a. Ou te fè yon akò ak lènmi ou yo. Epi ou—ou anpè, ou panse, ak ènmi w yo, men pandan tout tan Asiryen yo ap—ap bati deyò a. Nou pa ka mache de ansanm sof si nou dakò. Se tou.” Konsa li te di...

87 E Bondye vle pou nou separe tèt nou. Li vle nou “soti nan monn lan,” pa eseye viv ak monn lan ak Bondye tou, pa eseye alamòd dapre monn lan epi dapre Bondye. Ou dwe viv pou Youn oswa lòt la, ou dwe kwè Youn oswa lòt la.

88 Epi kounyeya nou dekouvri, Amòs sa a, li sètènman te predi yon jijman sou pèp sa a amwens ke yo te repanti. (E—e, o la la, sitèlman—sitèlman sa byen adapte ak epòk nou an.) Mwen panse ke gwo vil sa a, kòm n ap gade deyè ladann ankò, gwo vil la laba a, ki jan yo te bay tout bagay, ak—ak yon gwo ekonomi yo te gen nan tout bagay, pwospè. Epi yo te panse yo te jis egzakteman nan volonte Seyè a, paske yo te pwospè. Men yo te dekouvri ke Bondye

pa toujou otè pwosperite. Non, Bondye... Pafwa, lè pwosperite frape, legliz la anjeneral ale lwen Li.

89 Ou konnen, Bondye te pale de Izrayèl yon fwa, li te di: "Mwen te jwenn ou ansan nan chan an, epi mwen te lave w epi mennen w vini," pou w te pwòp pitit Li. "Aprè sa, lè ou te vin gwo, epi yon bèl jèn fanm, ou te jwe wòl yon pwostitye." Li di: "Ou—ou—ou jis bay tèt ou bay chak moun k ap pase. Ou wè? "Men lè ou te pòv ak nan bezwen, lè—lè ou te bezwen, ou te sèvi M. Men lè Mwen te beni ou e Mwen te ba ou anpil bagay, lè sa a ou te kite Mwen." Epi li jis te pwouve fason sa a. O, la la!

90 Kounye a, nou wè pwofèt sa a te vrèman frape nasyon sa a, Amòs sa a. Li te jis konn laboure tè. Men nou wè ke lè li te fè sa, li te frape epi li te di yo kisa sa ta pral ye, epi li te di yo si yo pa t mete yo odyapazon ak Bondye ke lènmi an ke yo te pran antant avèk li a se li menm ki t ap detwi yo.

91 Bon nou wè ke Etazini ògeye nou an p ap chape anba kolè Bondye. Kòm mwen te pale yon jou depi ke mwen isi a, mwen sèten se te isi a, osijè de tout bagay ki nan fen li. Nou konnen, mwen—mwen pa wè anyen m ka bati sou li. Nou pa ka bati sou politik, li fini. Nou—nou pa ka bati sou lavi sosyal, paske li sitèlman pèdi moral li. Pa gen—pa gen—pa gen anyen nou ka bati sou li la. E nou pa ka mete lespwa nan anyen. "E legliz menm?"

92 Ebyen, nou pa ka fè anyen avèk legliz, li sitèlman fòmèl epi li fini, pa gen anyen ki rete. Yo fin arive vann dwadenès yo pou yon plat soup, e yo jis ap tann jijman an. Sentespri a pase atravè peyi sa, antan Li montre siy Li yo ak pwodij Li yo, e yo kontinye rejte gras Li. Li konfime Tèt Li epi Li pwouve, atravè gran konfimasyon Li a, ke Li se Pawòl Bondye a manifeste nan jounen jodi a. E yo kontinye rejte Li. Ou wè? Pa gen anyen ki rete kounye a. Nou jis pa ka toujou fè Bondye sa. Ou wè?

93 Trè byen, nou wè, dabò, Li voye pwofèt Li yo ak yon avètisman. Li pa chanje fason Li, Li pa chanje metòd Li pou fè bagay yo.

94 Li pa toujou frape lè Li avèti. Mwen vle nou siveye sitasyon sa. Bondye bay yon avètisman men Li pa toujou frape menm lè Li avèti a. Èske nou te remake sa? Epi lè Li pa frape lè Li

voye yon avètisman, alò yo pase pwofèt la nan rizib: "Ou pat genyen L. Ou bay manti. Ou—ou pat gen rezon."

95 Yo ka te di Ezayi menm bagay la. Kisa w panse non m sa te panse lè I t ale laba a epi I te pwofetize ke wa a ta "pral mouri," epi I te retounen epi I te di: "Non, I ap viv"?

96 E Jonas ki t ap mache nan lari yo, ki t ap di: "O, vil sa pral detwi nan tan jou, karant jou," epi Bondye pat fè l?

97 Ou wè, ou dwe pran gad, Bondye pa toujou frape lè Li avèti. Men Li...Gen yon sèl bagay, lè sa a yo pase pwofèt la nan rizib. Men si li se yon pwofèt konfime avèk Pawòl Seyè a, ou wè, siy Bondye yo, konfime, kòm Bondye te di ke pwofèt la ta konfime (mesye sa yo te konfime), ou wè, Pawòl li pa Pawòl pa I, men se Pawòl pa Bondye, e li va akonpli. Li dwe akonpli si Li se Pawòl Bondye. Gen yon sèl bagay ki ka rete I, se yon repantans rapid.

98 Remake, Amòs, li—li te viv pou I wè pwofesi li a. Men lè Amòs te pale de vil sa, kijan sa ta pral rive, kijan Bondye ta pral lakòz Siryen yo vini epi domine sou yo, konsa e latriye, epi kijan pwòp koripsyon pa yo ta gen pou devore yo, ebyen, mwen kwè si sa jis, kounye a, m ap chache nan Lekriti isi a, e si m konte sa byen, se anviwon senkant an apre Amòs te pwofetize. E, kounye a, kisa nou panse? Yon jenerasyon te pase nèt anvan pwofesi Amòs la te vin akonpli. Men si nou li bò isi a, li di nou, e li te rive jis egzakteman mo pou mo, sa ke I te di a. Ou wè?

99 Jan te wè Liv Apokalips la. Li pat janm akonpli nan tan pa I la. Men nou wè I k ap akonpli jis egzakteman. Ou wè?

100 Danyèl te pwofetize sou jou a, sou jou pa I la epi kontinye desaann. Li pat janm viv pou I te wè I. Li te di: "Al repoze w, Danyèl. Fèmen liv la—liv la, epi—epi sele liv la. Epi ou va repoze w nan tonm ou, men nan jou sa ou va leve kanpe." Ou wè?

101 Kounye a, ou wè...ou pa toujou...Bondye...frape osito ke Li pwofetize. Pwofesi Amòs la, kòm mwen te di, se te nan senkant pita, li te vin akonpli. Men li te akonpli vrèman!

102 Epi alò pwofèt la se yon--se yon ...nan Bib la...Yon vrè pwofèt otantik se yon moun espesyal. Pa "yon espesyal," komkwa li diferan de nenpot lot moun, men li gen yon travay espesyal. Ou wè? E, poutèt li gen yon komisyon espesyal, li dwe yon moun espesyal (yon tikras p ap mache nan chimen an menm jan ak lòt yo) nan objektif pou I fè sa.

Se jis tankou Bondye ki konpare *pwofèt* Li yo ak "yon èg."

103 Bon, yon èg se yon zwazo espesyal. Li se jis yon zwazo, men li se yon zwazo espesyal. E li ka vole pi wo pase lot zwazo yo. Li ka wè pi lwen pase lòt zwazo yo. Epi, bon, poutèt pou I ka monte pi wo, li dwe bati pou I ka monte pi wo. E kisa sa ap sèvi li pou I monte anwo a la si I pa ka wè sa I t ap fè lè I fin monte anwo a la? Ou wè? Kifè li dwe yon zwazo espesyal byen bati. Ou wè? Li on jan fè pati nan--nan fanmi fokon yo, li se "yon rapas ki gen bil." Epi li devore...anpil nan yo se kanivò. Gen apeprè karant diferan espès èg.

104 Men, ou wè, nan legliz gen pastè a, e pastè sa se yon moun espesyal. Li bati yon fason kote li ka--li ka sipòte konfli ki nan mitan moun yo. Li--li--li ka pote fado, se li ki bèf nan ekip la. Li--li se yon nonm ki ka chita lè...yon moun gen yon bagay kont yon lòt moun, epi li chita avèk de fanmi yo (epi li pa pran pati pou ankenn kote) epi li rezone sou sa epi li trete sa avek dousè. Ou wè? Li—li se yon pastè, li konnen kijan pou I okipe I de bagay yo.

105 Evanjelis la se yon nonm espesyal. Li se yon nonm k ap boule tankou yon boul dife. Li kouri antre nan yon vil epi li preche mesaj li a, epi li soti la pou I ale yon lòt kote. Ou wè, li se yon nonm espesyal.

106 Doktè a se yon nonm espesyal. Li chita anba lonksyon Lespri a epi li kapab pran Pawòl yo epi mete yo ansanm avèk èd Sentespri a, nan yon pwen ke, pastè a oswa evanjelis la, ni youn ni lòt, pa t ap kapab konpare ak li.

107 Apre sa, nou jwenn, apot la se yon moun espesyal. Li se yon—li se yon "moun k ap mete lòd." Li se yon nonm Bondye voye pou mete bagay yo nan lòd.

108 Pwofèt la se yon nonm espesyal. Yon pwofèt se yon nonm Pawòl Seyè a vin jwenn, paske pwofèt la fèt konsa (lavi) nan yon pwen ke enkonsyan li ak premye konsyans li tèlman pwòch

li pa al dòmi pou l reve rèv li, li wè li lè li byen reveye. Ou wè? Bon, sa se yon bagay Bondye dwe fè. Ou wè, li wè sa k ap pase.

109 Yon pwofèt prevwa byen lwen, ou wè, bagay k ap vini yo. Li wè koup kòlè Bondye a, ki plen, anvan li ranpli. Li ka di: "ENSI DI SEYÈ A! Bondye pral detwi vil sa a si nou pa repanti." Poukisa? Li se yon èg. Li vole monte trè wo laba. Ou wè? E li wè trè lwen laba epi li wè koup kòlè sa a te vide. Se sa pwofèt la ap gade. Li p ap gade sa k ap pase la a, l ap gade odela! L ap di: "Li pral vini!" Li ka ale tèlman wo jiskaske li ka wè lonbraj sa a. Li di: "Mond lan pral fè nwa—fènwa ak yon gwo fènwa." Li byen wo ase, solèy la ap klere kounye a, men li wè lonbraj sa a ap vini, epi l ap—I ap—I ap di sa l ap gade. Li poko la, men li pral la se sèten! Se vre. Li pral isit la, gwo fènwa sou pèp la. Li konnen sa pral rive, anpil ane apre, poutan li wè li.

110 Amòs, pwofèt Bondye chwazi a, li te wè fènwa a--a ak jijman an. Li te wè peyi Siri desann ak cha li yo epi li raze zòn lan, li masakre moun yo. Li te wè l ap vini ak jijman Bondye a sou yo, kounye a, senkant ane anvan sa te rive. Men, nou wè, antan ke yon pwofèt, li te leve nan Lespri epi li te wè sa byen lwen. Ou wè? Li te wè koup la, plen, anvan li te ranpli.

111 Tankou Abraham. Bondye te di Abraham: "Desandans ou yo pral antre nan peyi sa a e yo pral rete isit la pandan katsan lane, epi apre sa m ap fè yo soti ak yon men vanyan, paske mechanste moun Amori yo poko fini." Ou wè? Bondye te konnen koup sa a te pral ranpli. Li t ap pale ak pwofèt li a, li di l kounye a: "Ou wè koup Amori yo ki laba a," ou wè, "Men, peche yo poko fin ranpli, Abraham. Pa di anyen sou sa kounye a, kenbe l, men li pral vini. Lè koup yo fin ranpli diran katsan lane sa yo, m ap chase yo tankou krikèt yo devan nou, e m'ap fè pitit pitit ou yo etabli nan peyi sa a." Amèn! Sa a se pwofèt Seyè a.

112 Kounye a, lè l ap pale de vizyon li, kit se kòlè oswa kit se gerizon, sa ka tade, men li dwe rive si li pwononse sa nan Non Seyè a. Ou wè? Li ta ka yon benediksyon ke li pwononse pou ou. Li ta ka di ou yon sèten bagay, epi ou pa ka wè li ditou. Ou di: "Ki jan sa ka ye? Poukisa, se yon... mwen—mwen—mwen...Li te di m: 'MEN SA SEYÈ A DI: " Sesi pral rive, e se la te pral rive," epi li pa rive. Nonm lan fo!" Bon y ap jije w paske w pa kwè nan Li, men li pral rive kanmenm! Ou wè? Li gen pou rive!

113 Bib la te di: "Menm si li tade, I ap pwononse nan sezon li a." Li pral rive.

114 Pwofèt la sèlman ap gade epi li wè yon bagay. L ap pale de sa I ap gade a. Li p ap panse a isit la ak sa ou sanble kounye a, I ap gade ki sa li pral ye. Epi lè li pale sa, si se nan Pawòl Seyè a, li deja fin pwononse e pa gen anyen nan mond lan ki ka anpeche I fèt (ou wè, se vre,) sèlman Bondye Li menm.

115 Remake, kounye a nou wè ke lè...Li—li pale vizyon li an, pwofèt la fè sa. Kounye a, pafwa li pale bon bagay, li pale de gerizon ou. Trè byen, ou ta ka panse, "Li jis pa ka rive, mwen pa fè mye." Lè sa a, kisa sa fè? Sa jis pote jijman Bondye yo sou ou. Trè byen. Ou wè? Jezi te pwomèt pou I sove w si w ta kwè nan Li; si ou pa kwè sa, li p ap--li p ap rive ou. Ou dwe aksepte Li, ou dwe kwè Li. Ou wè? Epi ou dwe konnen ki kote Li soti, sa ki bay lafwa ou nan Bondye, oswa nan pwofèt ou. Ou wè? Ou dwe kwè Li.

116 Epi kounyeya nou wè la a, ke pwofèt sa yo ki te pale, yo—yo te pale e sa yo te di yo rive vre. Epi si kòlè Bondye vide sou pèp la, gen yon sèl bagay... Si pwofèt sa a di ke yon lòt bagay ta pral rive, gen yon sèl bagay ki pral rete men Bondye, se repantans. Sa se repantans anvè Bondye, ki rete kòlè Li. Koulye a, pa tann sa, fè li alò! Si Bondye di nenpòt bagay, fè l la menm.

117 Ezekyas, osito ke li te konnen... Li te yon bon gason, men Bondye te di: "Lè w rive, Ezekyas, e mwen—mwen dwe pran ou. Mwen—mwen vle, mwen pral pran ou. Mete tout kay ou annòd."

118 Epi li—li—li te di: "Sa ap pran m kenz lane pou m fè sa, Seyè." Ou wè? "Kounye a, se Ou... mwen—mwen—mwen konnen mwen prale, men sa pral pran m kenz lane pou m mete kay mwen annòd. Mwen pa ka fè li kounye a. Mwen—mwen pa gen tan pou m fè sa. Mwen—mwen—mwen jis pa ka fè sa. Seyè, kite m viv kenz lane ankò pou m ka fè bagay sa a. Mwen pa ka mete kay mwen..."

Ou wè, komisyon Bondye a se te: "Mete kay ou annòd!"

119 Ezekyas di: ``Mwen p ap ka fè sa nan ane sa a, sa pral pran m tan. Mwen pral rebran sa a, epi regle sa a epi pote l bay kanmarad sa a isit la, sa pral pran m kenz lane pou m fè sa. Jis epaye m pou m fè li. Pèmèt mwen... kite m... ban m yon ti tan pou m fè sa." Ou wè?

120 Lè sa a Bondye di: "Mwen pral—mwen pral—mwen pral—mwen pral toleran." Men li te oblije mouri kanmenm, ou wè.

121 Epi ankò, li te pran tan li, li te retwograde pandan tan sa a. Ou wè? E li t ap—li t ap pi bon si li te pati san li pat mete lòd. Se vre. Men Li ba li kenz ane ankò pou l mete lòd nan kay li. Paske, rapidman, kisa l te fè? Li di: "Seyè, mwen lan. Mwen bezwen kenz ane pou m fè sa. Ou komisyone m pou m mete kay mwen annòd. Mwen pa ka fè sa pandan kenz ane paske mwen te fè yon prè isit la, epi mwen te gen sesi isit la, epi mwen te gen sesi isit la pou m fè."

122 Bon, li te yon nonm ki sen, e Pawòl Bondye a dwe rive kanmenm. Li pral rive kanmenm, men Li jis rete Li pou yon ti tan, ou wè, kenbe Li pou li. Alò li fè yon peche pandan tan sa a. Li di: "Mwen p ap fè l tonbe sou li, men m ap vizite pitit li yo apre li." Ou konn istwa a.

123 Kounye a, nou wè ke yon repantans rapid pafwa kenbe kòlè a pou yon ti tan.

124 Kounye a, nou wè Niniv...Bondye te di: "Desann laba a epi rele sou vil sa a kounye a, epi di yo: 'Si...nan karant jou bagay la pral tonbe. E, o la la, yo te janm repanti! Lè yo wè pwofèt sa a t ap vini nan lari a, li di: ENSI DI SEYÈ A, 'Plas la pral tonbe nan karant jou! Plas la pral tonbe!'"...

125 Menm wa a te kòmande yon—yon—yon jèn nan tout peyi a, nan lapenn, "Mete rad sak sou yo, mete sann dife! Pa sou tèt pa w, sou kò w ak sou chè ou, men sou bèt ou yo, sou bèt nan bwa ou yo, mete sann ak rad sak. Ala yon repantans!

126 Kounye a, lè nou dekouvri la a, nou remake, si pwofèt la pa gade byen vit, ou wè, mete lespri l ansanm epi ale jwenn Bondye, w ap jwenn yon bagay la menm, si w pa veye...

127 Kounye a gade Ezayi, li annik fin anonse pwofesi li a, li tounen nan ti joupa li nan dezè a. Epi, lè l te fè sa, Seyè a pa t janm pale ak wa ki t ap priye a. Li gen yon fason pou l fè bagay yo. Te gen yon pwofèt nan peyi a. Pawòl Seyè a vin jwenn pwofèt Li a. Li te soti la, Li di:

"Izayi, tounen vin di I Mwen tande priyè I la. Mwen te konprann ke li...ke li panse li pral pran kenzen ane pou fè sa. Mwen te wè dlo nan je I paske li te sitèlman vle fè travay la. Li pral pran kenzen ane, li te di, pou fè li. Alò al di I ke M ap kite I pran li. Ou wè?"

128 Poukisa? Li te komisyone—Li te komisyone Ezayi pou I al di I: "ENSI DI SEYÈ A!" Lè sa a si gen nenpòt chanjman nan sa a, oswa reta... L pral rive kanmenm; li—li te mouri menm jan an. Men li te di...Si gen yon bagay nan sa, alò Li oblije tounen vin jwenn nonm ke Li te voye avèk ENSI DI SEYÈ A. Li di Ezayi, "Tounen laba a epi di I sa."

129 Kounye a, Jonas te pran yon lòt atitid, li leve sou tèt ti mòn lan epi li di: "Ebyen, li tap bon si m pat janm fèt." Epi, o, ki jan li te kontinye! Epi Bondye te fè pouse yon ti pye palmakristi pou L fè lonbraj pou li jiskaske li te vin frèt la. Men, li di: "Koulye a, la, mwen fin desann laba, epi yo pral di mwen se yon fo pwofèt."

130 Epi Bondye pale avè I, Li di: "Gade vil sa a anba a la! Gade, Jonas, tout vil la nèt ap repanti ak rad sak ak sann."

131 Epi Li te pale li de ti pye palmakristi a ak vè ki te detwi I la. Yon jou, si Seyè a vle, mwen vle vin nan Tabènak la epi pran yon seri jis sou Jonas. O, sitèlman gen anpil gwo...van lès sa k ap soufle a, ak tout bagay. O, la la! Sitèlman gen anpil bagay ladan I, li jis...se eksitan. Pepit sa yo la, yo tout se yon tip, ki ann amoni. Li menm mennen Jezikri ladan I, ak tout lòt bagay. Natirèlman, chak liy nan Bib la gen pou wè ak Jezikri. Wi mesye. Se lesou dimanch nou an, kidonk n ap wè sa, si Seyè a vle.

132 Epi remake, gen bagay ou...Si w sensè epi w di Bondye...Koulye a, ou dwe veye.

133 Kounye a mwen vle montre w yon lòt Jonas sou estrad la aswè a.

134 Yon jou swa te gen kèk moun ki te vin isit la. Dam lan ka (kèk moun nan fanmi li) isit la aswè a, kifè mwen pa pral site non an, ou ta pwobableman konnen ki moun li ye. Men yo vini isit la, on pakèt bon moun ki soti nan Kentucky, e yo—yo vini isit la pandan plizyè ane. Men moun yo, yo te bon moun, bon zanmi m. O la la, yo te—yo te zanmi m reyèlman, men yo...Sèlman youn nan kalite moun sa yo ke lè gen yon revèy ki an mach yo ta ka vin legliz; lè

revèy la fini, epi fado a vin lou, pèsonn pa t vle pote l. Epi tout timoun yo te nan krèch la, yo te gen ... lè nou te gen klas nou yo ak bagay sa yo.

135 Epi yon jou mwen tounen lakay mwen, anviwon kat ane de sa, oswa senk, yon bagay konsa. Epi ti jenn fi sa a (ki te gen anviwon uit an lè li te nan krèch la), li te marye e li te gen de pitit. Epi li te kouche nan lopital la isit la, sou pwen lanmò. Li te gen apeprè kat mwa, senk, ak yon ti bebe; epi ti bebe a te mouri, e yo pa t kapab opere l paske li te gen maladi nan ren. Epi yo pa t kapab opere l, kidonk yo te oblije kite manman an mouri tou. Yo pat ka opere l, epi, ou wè, ti bebe a ta touye l konsa, kidonk yo te gen ... li te jis ap mouri, se tou, pat gen chans pou li.

136 Mwen soti pou m wè l, li te voye chache m. Aprè sa, mwen antre nan lopital la, lè sa li te anba tant oksijèn. Mwen leve ti kouvèti a, mwen te pale avè l yon ti moman, epi mwen te di, "Ou sonje m?" Li te di: "Mè wi, frè Bill, mwen sonje w."

137 Mwen te di: "Kouman sa ye... Èske w konprann nan ki pwèn ou malad?"

Li te di, "Mwen konnen." Li te di: "Se poutèt sa mwen voye chache w."

Mwen te di, "Oke, enben, kouman vi w ye ak Seyè a?"

Li te di, "Frè Bill, mwen—mwen—mwen—mwen poko pare pou m ale."

138 Ebyen, se la nou te desann epi nou te priye, ansanm ak manman l ak mari l, anpil nan yo te nan chanm nan, epi manman l ak mari l te kòmanse kriye. Epi—epi answit mwen—mwen te mande l, e li te konfese l devan Bondye (li te regle ve li te fè yo epi li te tounen fè Bondye pwomès; ke si li ta jwenn padon; jan li te renmen l; epi jan li regrèt peche li yo, fason li t ap viv), epi li te kontinye fè repantans li epi kriye. Apre yon ti tan mwen te leve, mwen te kite batiman an.

139 Epi—nan demen maten, yo rele m pou m tounen laba a. Yo te dekouvri, yo te vin jou maten sa pou yon tès epi pou wè kijan kondisyon uremik sa t ap avanse, yo te dekouvri ke li pa t gen yon ti kras maladi. Li te pati konplètman, chak ti tras nan pwazon uremik sa te kite l. Doktè yo te tèlman eksite jiskaske yo te di, "O lala! Enben, sa, nou ta dwe ... Se yon bagay trè etranj." Yo te di: "Nou pral—nou pral prepare l," epi yo te di, "si l rete konsa nan lajounen an..." Yo te di, "Nou pral kontinye ba l penisilin," oswa kèlkeswa sa yo te ba li a, pou diminye enfeksyon an. Li te di, "Nou pral opere epi—epi pran ti bebe ki mouri a anvan li enfekte yon lòt bagay." Yo te di, "Si li kòrèk, lè sa a..."

140 Ebyen, jou sa a yo te teste l de a twa fwa ankò. E pandan lannwit, byen ta, yo te teste l, pa t gen anyen ki mal, li te pafètman byen. Epi yo te prepare l. Yo te fè l soti anba tant oksijèn lan. Tout bagay te kòrèk. Yo ta pral opere l nan landemen maten, pou retire ti bebe a.

141 Ebyen, mwen te ale laba a. Epi paske sa te fèt... Kounye a, Mwen pa t konnen ditou, mwen pa t janm rankontre l. Seyè a pa t janm di m anyen sou sa. Ou ta ka mande moun yo, si w vle. Se konsa, yo...li...Li pa t janm te di ke l ta ka fè sa. Men, o, lala, pou wè yon bagay konsa! Mari l, ki te yon pechè, te vini e li te di: "Frè Branham, mwen—mwen vle bay Seyè Jezi lavi m."

142 Epi m te di: "Oke, jis mete ajenou isit la epi kenbe men madanm ou, epi apre sa mache ansanm nan liy dwat lavi sa."

143 Manman an retounen, li te di: "Frè Branham, ou konnen, men mwen menm ak pitit mwen yo," li te di, "Nou tout te ale vini, epi ale vini, toutotou tabènak la, elatriye. Nou te chita epi koute w preche, epi nou prale a lotèl la epi retounen." Li te di, "Mwen te retwograde Frè Branham." Li te di, "Mwen vle retounen nan Seyè Jezi, poutèt bonte Li anvè pitit mwen an." Oke, ou wè, sa—sa a bèl anpil, men ou pa vin jwenn Seyè Jezi a poutèt sa.

144 Vè minwi, midi, onzè, manman l te tonde andòmi. Epi li te di, li rele l, li te di: "Manman." Epi li te reponn: "Wi, cheri, kisa w vle?"

Li te di, "Ou konnen, mwen tèlman kontan!"

Manman an te di, "Mwen vrèman kontan ke ou kontan."

Li te di: "Mwen anpè ak Bondye." Epi li di: "O, se vrèman byen!"

Nan kèk minit, li te rele ankò, li te di, "Manman."

Manman an te di: "Wi?"

Li di: "Mwen pral lakay."

145 Epi li te di: "Mwen konnen w ap fè sa." Li te di, "Wi, cheri," li te di, "Doktè a pral retire ti bebe a demen. Apre sa, apeprè yon jou osinon de jou, lè koupi a geri pou w soti la, w ap tounen lakay ou pou gen kè kontan ankò, ou menm ak mari w ak ti pitit ou yo, lè w vin kretyen epi viv pou Bondye."

Li te di: "Manman, mwen vle di ke mwen pral lakay mwen ki nan Syèl la."

Li te di, "Se vre wi, cheri, nan fen vwayaj la."

Li te di, "Sa a se fen vwayaj la."

"O," li te di, " bon, sa k pase?"

146 Li te di: "Fen vwayaj la." Kidonk, li te di, "Wi, manman, nan kèk minit mwen pral ale."

147 Ebyen, li te panse ke li te ajite epi ap delire. Li te rele enfimyè a, enfimyè a pran respirasyon li. Tout bagay te nòmal. Epi nan senk minit li te ale, li te mouri.

148 Epi lè m tounen lakay mwen, nan yon semèn oswa de apre sa... mwen panse Frè Graham te preche antèman ti dam nan. Lè mwen te retounen lakay epi Meda te di m ke ti fi sa a te mouri lannwit sa a, mwen pa t kapab... Mwen—mwen te ale wè manman an. "Wi."

149 Epi mwen—mwen—mwen pa konnen kisa ki te fè m fè sa, men mwen te di: "Seyè. Bondye, Ou—Ou dwe m yon eksplikasyon," (Ou wè?) "Aprè m te fin soti la epi—epi di mari sa a, epi li te konvèti a Seyè a apre Ou te fin fè bagay sa yo pou li, ak tout bagay sa yo, answit ou pran lavi ti fi sa a konsa." Mwen te di, "Ou dwe m yon eksplikasyon."

150 Lè w di Bondye yon bagay konsa, L ap kite w chita pou kont ou. Mwen pa... Li pa dwe m anyen. Mwen gen dèt anvè Li. Se vre, Li jis kite m boude pou kèk jou, ou konnen. Epi, aprè twa oswa kat mwa, yon jou mwen te soti sou bò rivyè a epi Seyè a te pale avè m nan yon vizyon, Li te di m: -Kounye a, al jwenn manman I, di manman I sa, Èske lè li pa t rive lane pase, lè li t ap nwaye nan yon rivyè, pandan yon piknik? Li te dwe ale lè sa, men Mwen te oblije pran lè l te pare pou ale. E se poutèt sa tout bagay sa yo te rive e se pou rezon sa ou t al laba a."

151 Apre sa, mwen te koube e mwen te kriye. Mwen te di, "Seyè Jezi, padonnen m, pòv sèvitè sòt Ou a. Mwen pa ta dwe janm di sa, Seyè."

152 Epi mwen te tounen al jwenn dam nan, li te rete isit la sou Market Street, epi mwen t al jwenn li, epi mwen te di, "Mwen vle poze w yon kesyon."

Li te di: "Sètènman, frè Bill." Aprè sa, mwen te di, "Èske se vre ke ti dam sa te pase toupre nwaye?"

153 Li te di: "Se vre, Frè Branham." Li di: "Mari I ak yo—yo te oblije fè l soti nan rivyè a." Epi li te di: "Yo te oblije itilize respirasyon atifisyèl, epi mete presyon, epi yo te oblije jwenn yon machin epi ponpe dlo a soti." Li te di: "Li te gen jip li sou li. Yo t ap fè yon piknik. Li te laba a epi li te antre nan kèk sab, glise sou tèt li epi trangle nan dlo a. Yo pa t remake li. Apre sa yo te senpleman wè l ap monte epi desann, epi yo te kouri antre nan dlo a pran li, epi mete l deyò." Li te di: "Li te manke mouri." Li te di: "Li..."

Mwen te di, "Se te tan l pou l te ale."

154 Ou wè, Bondye konnen sa l ap fè. Kounye a, Seyè a ta pral di m sa pwobableman si m pa t pran atitid mwen te genyen an, "Seyè, Ou dwe m, pou W pale m de sa." Li pa dwe w anyen!

155 Yon jou swa, mwen te kanpe nan yon reyinyon epi mwen te tandè yon evanjelis ki t ap priye pou yon moun malad, li te di: "Bondye, mwen kòmande W pou geri moun sa a!" Kimoun ki kòmande Bondye? Ou wè? Se—se—se pa—se pa menm entèlijan, ou wè, poutèt—poutèt Bondye, Li—Li fè sa L vle.

156 Èske—èske ajil la ka di potye a: "Poukisa ou fè m konsa?" Gade? Sètènman pa! Men, si pwofèt la ta rete kalm epi chèche Seyè a pou repons lan, gen repons lan la. Ou wè?

157 Menm jan ak moun sa a ki t ap poze kesyon sou semans sèpan an, ou wè. Jis—jis obsève, e piga—piga w twò prese. Alò, kounye a, Bondye toujou fè tout bagay travay ansanm pou byen moun ki renmen Seyè a.

158 Kounye a, si—si Niniv pa t repanti, alò jijman Bondye yo ta pral tonbe sou yo. Kounye a, sonje, pwofèt la dwe koute. Se te yon avètisman.

159 Kounye a, se menm bagay la pou nasyon sa a. Alò, ou di, "Frè Branham, dimanch pase ou te di pa t gen espwa'?" Wi! "Poukisa?" Li meprize apèl li a. Li oblije resevwa l. Li pral resevwa l. Gen yon tan k ap vini kote nasyon sa a pral tonbe an myèt moso. Mwen te wè li an 1933. Ou wè, mwen t ap gade lwen.

Ou di, ou ta ka di, "Ebyen, li pa t rive lè sa a."

160 Men sa pral rive! Mussolini non plis potko sou pouvwa, Liy Maginot an potko konstwi non plis, ni machin pa t sanble ak ze nan yo jou sa yo, ak bagay sa yo, ni fanm yo pa t eli yon Prezidan ki ta sanble yon—yon ti adolesan, ak tout lòt bagay sa yo, ni patko gen yon Prezidan Katolik, elatriye, sa te pwofetize. Apeprè trant lane de sa, oswa plis, bagay sa yo te prevwa, men li te sèlman montre m wout la ale jiska lafen.

161 Epi pandan bagay sa a ap pwoche, jou apre jou, koup sa a ap ranpli! Epi Billy Graham, Oral Roberts, epi ki lòt moun ankò te preche repantans. Pwofèt, elatriye, te travèse nasyon an ak siy ak mèvèy, epi li toujou ap mache nan peche. Se rezon ki fè yo pa repanti, se repantans ki mennen sa.

162 Remake, Akab pa t janm repanti lè Eli te korije l. Si Akab ta repanti epi mache dousman devan Bondye, bagay la pa ta pral janm rive. Men, Akab desann laba a, li te fin pran viy rezen Nabòt la Li fè touye l ansanm ak tout mechanste sa yo. Epi Jezabèl... pwofèt sa te mache laba a avèk ENSI DI SEYÈ A! Men kisa yo te fè? Li sèlman te menase touye l. Sa k pase? Pwofesi li a te akonpli, chen yo te manje l epi niche san Akab. Jis egzakteman dapre pawòl li! Li te wè koup la ranpli.

163 Se rezon sa a ki fè ke ti Miche, di menm bagay sa a, kijan pou l ta kapab beni sa Bondye te modi a? Ou wè, pawòl li a, pwofesi li a, te an amoni ak Pawòl la.

164 Ewòd, li pa t janm repanti lè Jan te di: “Se pa legal pou w gen sa, madanm frè w la!” Li pa t janm repanti. Men kisa l te fè? Madanm li mande tèt pwofèt la. Gade nan salte li te antre. Gade sa ki te rive l. Gade, menm jodi a, an Swis,—dlo ble rejè li a toujou ap bouyi tankou yon—yon komemorasyon. Gade, asire w, li pa t repanti lè yo te korije l nan Seyè a. Jan te di l, kèlkeswa sa l te ye a (yon pwokirè, oswa kèlkeswa sa l te ye a; oswa lanperè a, oswa nenpòt moun li te ka ye a), li dwe repanti lè Bondye rele, sinon kòlè ap tonbe sou li!

165 Konbyen fwa nan pwofèt yo... Mwen te ekri isit la, men nou pa pral gen tan paske mwen gen apeprè dis minit ankò.

166 Si pa gen repantans, lè sa a jijman an sètènman ap vini! Ezekyas te repanti. ou wè? Niniv te repanti.

167 Akab pa t janm repanti. Nebikadnetza pa t janm repanti. Moun ki te nan Epòk Noye yo pa t janm repanti, e jijman an te kontinye byen vit. Kounye a, li te avèti tout moun anvan. Tout moun jwenn yon avètisman.

168 Kounye a, lè nou wè tan an pwòch, se pou tout moun ki santi ke genyen yon avètisman, repanti byen vit anvan kòlè Bondye a frape.

169 Kounye a, ann dirije l isit la nan Branham Tabènak la. Ou wè, nou te wè bagay sa yo epi konnen yo se Laverite. Nou konnen ke se absoliman Laverite. Komisyon Pawòl la se, “Si ou vle repanti epi batize lan Non Jezikri pou padon peche w yo, w ap resevwa don Sentespri a. Paske pwomès la se pou pitit ou yo ak pou moun ki byen lwen yo.” Ou wè?

170 Kounye a, yon mesye, Mesye Dauch, te mande m isit la pa gen lontan, li te di, “Frè Branham, m ap vin granmoun. Mwen vin fèb, katrevendizan.” Li te di, “Èske w—ou panse mwen—mwen pare pou m mouri? Ou panse mwen prè, prè pou ale? Èske w panse mwen sove?”

171 Mwen te di, “Mesye. Dauch, èske ou janm ale kay yon—yon doktè pou yon egzamen fizik?”

Li di: "Wi."

172 “Epi ou di l...Kounye a, kisa doktè a fè, li gen yon liv ranje la, epi li te pran liv sa a . Kounye a, premye bagay mwen ta dwe fè nonm sa a, tcheke kè l. Kidonk, li jwenn yon estetoskòp epi li mete yo nan zòrèy li, li tcheke kè l.” Mwen te di, “Alò, pwochen bagay li jwenn, li pran tansyon l, ak yon—avèk yon machin presyon sou bra l. Aprè sa, pwochen bagay li fè, li pran yon echantiyon pipi, ensi de swit, epi yon echantiyon sa, ak tout diferant bagay sa yo, epi si l pa ka jwenn anyen...Li pran yon radyografi. Si li pa ka jwenn anyen, li ta di, 'Mesye. Dauch, ou se—ou fizikman anfòm.’”

173 “Sou kisa l ap baze sa? Sou kondisyon yo ki soti nan liv medikal, ke si gen yon bagay ki mal selon chèf syantifik li pral parèt isit la, li pral fè sa isit la, li pral fè sa laba. Se poutèt sa, dapre sa l konnen sou sa, ou anfòm, ou wè, fizikman.

174 “Kounye a,” mwen te di, “nan ka sa a, mwen—m pral egzamine nanm ou. Ou wè? Epi Bondye, pou nanm lan, gen yon sèl Enstriman, se vre, se Pawòl Li. Se Pawòl Li. Epi, Jezi te di, nan Sen Jan 5:24, ‘Moun ki koute Pawòl Mwen an.’ Bon, *koute* sa pa vle di pou jis koute yon ti bri, *koute* sa vle di ‘resevwa Li.’ ‘Kiyès ki ka resevwa Pawòl wen an,’ amèn, ‘Moun ki tandè Li!’ (Pa rete kanpe, di, ‘O bagay sa san sans, bagay sa yo, pa gen anyen ladan l. Mwen pa kwè sa.’) ‘Sila a ki koute Pawòl Mwen an!’ En-en. Sa a se Pawòl Jezi a, ki vle di, Li se Pawòl la. Se sa. ‘Li te di, Si w ka koute Pawòl Mwen an, epi kwè nan Moun ki voye m nan, li te pase soti de lanmò a Lavi; epi yo pap menm vini nan Jijman an, men li deja pase ladan l deja.’ Amèn!” Mwen te di, “Kouman kè w ap bat kounye a?”

Li te di, “Mwen kwè Li. Mwen te tandè Li. Mwen te resevwa Li.”

175 Mwen te di, “Ebyen dapre Espesyalis anchèf la, Operatè anchèf la, Doktè anchèf Lavi etènèl la di, ‘Ou te pase soti nan lanmò a Lavi e pap janm vini nan kondanasyon an.’”

176 Li te di, “Lè m te tandè w preche nan Non Jezikri pou batèm dlo a, mwen te mache dèyè w epi ou te batize m.” Li te di: “Mwen... Nonm mwen te ye a, mwen pa nonm sa a ankò. Gen yon bagay ki te rive m. Mwen pa t konn bay sa enpòtans epi mwen te vire do m ba li, men mwen te chanje direksyon epi mwen te tounen rekòmanse nan fason sa a. E kè mwen ak bouyonnen lajounen kou lannwit pou mwen pwoche pi pre Li. Mwen kwè chak Pawòl Li! Mwen di: ‘Amèn!’ pou chak ti moso nan Li. Mwen pa fè ka jan l blese m, mwen vle mezire pa rapò a Li. E mwen aji dapre sa m konnen.”

177 Mwen te di: “Selon mwen menm kè w ap bat trè byen. mwen—mwen kwè ou gen abilte espirityèl kounye a.”

178 Li te di, “M ap kesyone m si li posib lè Anlèvman vini, èske m kapab ale ladan l, Frè Branham?”

Mwen te di, "Se pa mwen ki deside ki moun k ap antre oswa ki moun ki pap antre."

179 Li te di, "Dakò, mwen ta renmen viv, mwen vle—mwen tèlman vle wè Anlèyman an."

180 Mwen te di, "Dakò, kite m gade sa Liv Lasyans lan di isit la, konsènan sa, ak lasyans nanm lan la." Mwen te di, "Ebyen, Li di sa a, nan 2 Tesalonisyen, 5yèm chapit la, Li te di, 'Noumenm ki vivan e ki rete pou Vini Senyè a pap nwi' (sa vle di 'anpeche') 'Sa yo ki ap repoze, dòmi. Paske twonpèt Bondye a pral sonnen, epi moun ki ap dòmi oswa k ap repoze yo dwe reveye an premye, yo pral pran imòtalite yo. Lè sa a, nou menm ki vivan nan jou sa a, nan tan sa a apre yo fin leve, ou wè, lè sa a, nou pral chanje nan yon moman, yon ti batman je, pou rankontre yo; Apre sa, nou pral rankontre Seyè a nan lèzè, anlve ansanm avèk yo.' Kit ou dòmi, kit ou pa fè, sesi ou fè sela ou pa fè se lòtbò; kèlkeswa kote w antere an, si ou pa menm antere ditou, w ap vini kanmenm! Pa gen anyen ki ka kenbe w. W ap la!" Mwen te di, "Frè Dauch, si Jezi pa vini jiskaske pitit pitit gran-gran-gran-pitit pitit mwen yo, ou pral toujou parèt nan yon moman egzakteman, epi ou pral laba a anvan menm ke yo kòmanse chanje, si yo prale." Se vre. Amèn!

181 Gon benediksyon kap vini menm jan gon kòlè kap vini. Oh, nou dwe ap chache youn nan yo aswè a. Ou dwe swa ap chache kòlè a ki pral tonbe sou ou e destriksyon an, oubyen swa wap chache resirèksyon Seyè Jezi a. Menm Bondye a ki pwomèt on, pwom-...M tèlman kontan!

Map veye pou jou Milenyòm sa a kap vini,

Lè Seyè nou pral vini epi pral pran Epouz Li kap tann Li;

Oh! kè m ap tann epi ap jemi pou jou liberasyon dous sa a,

Lè Jezi nou pral tounen sou tè a ankò.

Lè sa a peche ak chagren, doulè ak lanmò mond sonm sa a pral fini.

Nan rèy glorye sa a avèk Jezi nan mil an de pè; (Oh lala! "Epi nap avèk Seyè a pou toutan." Wè?)

182 Sa Bondye di, li dwe reyalize. "Yo pral bati kay, yo pral rete ladan yo. Yo pral plante pye rezen epi yo pral manje fwi a. Yo pap plante epi yon lòt erite de li. Yo pral plante pwòp

pye rezen pa yo epi yap ret avè l.” Amèn! Amèn! “Pesonn pap fè mechanste. Pesonn pap fè sa ki mal sou mòn ki apa pou Bondye a, sou mòn Siyon an.” Alelouya!

183 Lè mòtèl sa a pral vin imòtèl, lè lanmò sa-sa a pral ranplase pa viktwa, alò nap wè L jan Li ye a epi nap gon kò tankou pwòp Kò glòrye Li. Oh, ala on tan ki pou vini.

184 Menm Bondye a epi menm pwofèt yo ki te predi Pawòl Bondye a, kote kòlè a pral vide, yo te pale tou de benediksyon sa yo ki gen pou yo vini. M tèlman kontan! Bondye pa janm bay on-on nasyon on-on destriksyon san Li pa avèti l. Epi kounye a si L fè sa, nou gon bagay ki rive nou, jistifikasyon siy dènnye jou yo avè nou, gran Sentespri a kap deplase nan mitan nou epi ap ranpli legliz la de Prezans Li, ap jistifye Pawòl Li. Alò Legliz la ap pare pou L monte nan syèl la on jou, pa pwisans Bondye a. Paske son avètisman pou mete de kote tout chay epi peche ki afekte nou si fasilman, pou nou sa ka vole avèk pasyans nan kous sa a ki devan nou, vè Otè a epi Kreyatè Lafwa nou.

185 Bondye beni nou, legliz! Kenbe men Bondye vivan an! Wi, mesye. Si ou santi Prezans Li, ale vè Limenm. Si gon bagay ki mal nan kè w, regle li. Pa rete nou anpil tan, Vini Seyè a toupre. Èske nou kwè Li? Oh lala! Èske sa pap bèl lòt bò a? Ala on tan, lè m pral wè vye veteran yo lòt bò a, ap mache nan Paradi sa a! Oh lala! Map

tann lè sa a.

186 M sonje m tande frè m ki di, lè l tap tounen sot lòt bò dlo, ansyen chan batay epi bagay, li di: “Vye veteran sa yo, lè yo rive wè Estati Lalibète sa a, epi yo mennen enfim sa yo anlè a pou yo ka wè Estati Lalibète a.” Ou wè sa an premye, sou on bato, lè ou monte, paske li trè wo. “Epi gade bra sa a, kanpe anlè a,” li di: “mesye sa yo jis tonbe epi yo kriye. E gran mesye sa yo te kanpe la a, yo jis tonbe sou pon an epi yo kòmanse kriye.” Kisa l te ye? Yon siy libète. Tout bagay ke yo te janm renmen te jis la a dèyè siy sa a.

187 O, men kisa l pral ye lè m pral tande ansyen bato Siyon an soufle jou maten sa a epi m pral wè bannye yo kap flote! Lè batay pral fini epi nap gen viktwa a, alelouya! E n ap rantre Lakay, kote lanmò, peche ak lanfè pèdi; epi pa gen peche ankò, pa gen lanmò, pa gen

chagren. M ka jis tande siflèt la kap soufle! O, n ap pwoche Site a. Wi, mesye. Vag yo ap rive, vye bato a ap mete tèt li nan plas li. Bondye, ede nou pou n viv pou lè sa a!

188 Seyè Jezi, nou se yon pèp k ap—ap eseye tout posib nou, ak tout sa ki nan nou, pou mache nan Limyè levanjil gran Levanjil Ou a ke W te mouri pou Li. Nou tèlman rekonesan pou n wè, nan movè jou sonm sa yo ke n ap viv kounye a nan lè sa a, ke nou wè siy kap parèt yo. O Bondye, alò ke se ekriti a sou miray la, nou di W mèsè, Seyè, ke nou ka wè l epi konnen ke delivrans sa a tou pre. Nou preche, nou travèse peyi a, nou wè W kap fè gran siy, montre Tèt Ou chak jou, chak ane. Pa gen yon lane ki pase san ke siy Sinatirèl Ou yo pap frape latè a. E nou wè l, nou konnen ke gran lame Bondye a ap kontinye mache.

189 O, pa anpil nan kantite, men ala yon gwoup pwisan ki gen Lavi Etènèl! Li di: “Yo va kouri travèse yon twoup epi yo pral sote sou on miray.” Wi, “twoup” lanmò a pap gen mèt, L ap kouri travèse l dwat. Sote sou “miray” la ant natirèl ak Sinatirèl, epi antre nan bra Bondye, nan gran Etènite sa a. Seyè Bondye, nou di W mèsè pou sa. Nou konnen tan an pwoche.

190 M priye, Bondye, ke aswè a si gen kèk isi a ki pa konnen W, ki pat janm fè lapè...E petèt aswè a, pandan nou tap pale, yon ti Vwa tap pale nan fon kè yo: “M santi yon avètisman ke m pa ka la ankò twò lontan.” O Bondye, ke yo mete kay nan lòd touswit. Ke tout bagay pare. Ke fwadè a...Petèt ke yo Kreyen, men yo jis pa genyen... Yo te viv anba sa a tèlman lontan epi yo tèlman te wè anpil bagay, yo—yo te jis pèdi valè Li. Se... Bagay yo, yo pran l alalejè olye ke yo pran l vrèman pwofondman ak sensirite.

191 O Bondye, kite nou tcheke aswè a, akòde l, nou konnen ke gran bagay sa yo ap sèlman avèti nou de Legliz kap anlve byento a. E si nou chaje ak peche, ak enkredilite, epi ak parès, nou pap fè Anlèvman sa a. Nou konn sa, Seyè, kidonk nou priye ke W ap boule nan Sentespri a, desann nan kè nou. O Bondye, mete dife nan nanm nou ak benediksyon W. Ede nou konprann.

192 Kounye a, beni moun yo ansanm. Beni pastè presye nou an ak madanm li. Beni dyak yo, administratè yo, tout layik yo, ansanm. Padone peche nou yo. Geri maladi nou yo, Seyè. Epi anflame kè nou. E pèmèt ke nou kite plas sa a ak on mesaj avètisman, antan nou rankontre moun yo nan peche, epi di yo: “Zanmi, èske w pa wont ke w fè dè bagay konsa, lè w konnen

ke ou dwe rankontre Bondye yon jou?” Akòde l, Seyè. M remèt yo ba Ou, kounye a; remèt Mesaj la, epi nou tout ansanm, pou travay ansanm pou glwa Ou. Nan Non Jezikri. Amèn.

Mwen renmen L, mwen renmen L

Paske Li te renmen m an premye

E Li te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

193 Èske w pa renmen L? Panse a sa nou ye. Gade kijan nou lwen sou wout la, zanmi. Jis gade wout la depi nan kòmansman, nan epòk Luther ak Wesley, jiska fen aj yo. Gade la a kote nou ye: isi a menm sou tèt piramid la; isi a menm kote Bondye te pwouve l, ke Bib la atravè sèt so yo te pafètman revele; ap tann sèlman kounye a pou sèt mistè sa yo jis alafen, sou Vini Seyè a ak Anlèyman Legliz la ki ta ka rive anvan maten an. O la la!

Mwen renmen L, (ak senserite kounye a) mwen renmen L

Paske Li te renmen m an premye

E Li te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

194 Trankilman kounye a...Èske nou reyalize ke nou chak anndan isi a dwe kite isi a, kite mond sa a? Èske nou konnen ke yon nonm ki ne de yon fanm, li gen kèk jou epi li plen pwoblèm? Èske nou te konnen ke paske nou ne de pyebwa sa a nan jaden Edenn lan, de lanmò, ke nou dwe mouri? Nou se fwi matris manman nou, e nou dwe mouri, nou dwe separe ak lavi sa a. Jenn oswa granmoun, sa pa fè okenn diferans. Si mesye oubyen madanm ki pi granmoun isi a viv pandan nwit lan, l ap viv pi lontan oswa l ap viv pi lontan pase anpil timoun ki gen dis, kenz an? Dè santèn nan yo ap mouri atravè mond lan anvan demen maten, de timoun. Kidonk tout sa ki konte, se, kisa w ap fè kounye a menm?

195 Sa ka dènye okasyon w. Jenn oswa granmoun, ou kapab ale nan legliz. Pa kite on sèl bagay san l pa fèt. Se pou nou pwofon ak sensè. Kite tout peche ak tout bagay sou kote. Gade

dwat nan fas Bondye epi poze kesyon an: “Seyè, èske m fè W plezi? Ki lòt bagay m te ka fè, Seyè Jezi? M pap janm gen okazyon an ankò, apre vi sa a fini, pou sèvi W. Se sèl moman m genyen. Seyè Bondye, sèlman kite m konnen kisa W vle fè! Si m ta dwe al fè *si* oswa m ta dwe fè sa, m t ap fè l ak kè kontan .”

196 Èske nou—èske nou panse sa ak senserite? Èske ti kanmarad yo panse sa? Èske moun aj mwayen yo panse sa? Èske granmoun yo panse sa? Èske tinedjè yo panse sa? Nou dwe ale, e kijan nou fè konnen ke nou tout pap pati anvan demen maten? Nou pa konn sa. Ou di: “Sa enkyete m.” Sa pa ta dwe! Franchman, sa ta dwe fè w pi kontan pou konnen ke w ap kite vye kay ak pestilans sa a.

197 Gen yon lòt mond. Ou pa gen pou pati trè lwen. Li dwat avè w. Li dwat nan viwonn ou. Ou jis...ou...Bondye sèlman ba ou senk sans, epi sa se pou kontakte on pati nan sa a, nan mond sa a. Men gen yon lòt mond ke ou pa gen okenn sans pou kontakte, ou pa ka kontakte l paske ou pa genyen l.

198 Pa egzanp, m te di, dimanch swa, (petèt nou pat konprann li) sa...nou gen senk sans: wè, goute, touche, pran sant, ak tandè. Men e si nou pat genyen vizyon (nou te jis gen goute, touche, pran sant, ak tandè), epi yon moun te resevwa vizyon yo epi te di: “Gen yon lòt mond, solèy”? Sansasyon sa yo—sa yo, nou frape nan dè bagay, epi sa l ye a ka di nou kisa l ye. Pouki, nou tap panse moun lan te fou, paske nou pa gen sans sa a—sa a de—de vizyon. Pèsòn pat janm genyen l, selon sa n konnen. Nou te tandè pale de moun ki te di dè bagay kon sa, men nou te doute de li. Men nou konnen pa sans sa a ke li reyèl. Se yon vrè kote. Ou wè? Se—se—se—se yon plas kote...nou ka wè. Sans nou deklare sa.

199 Kounye a, sèl bagay nou fè lè nou mouri, nou jis chanje senk sans sa yo (Glwa! Fiouw!), nou jis resevwa yon lòt sans. E nou vivan ak yon sans ki pi wo, dè milye fwa pi wo pase sa a, nan yon lòt vi; yon vi kote pa gen lanmò, kote pa gen chagren. E bagay ke nou pa konn anyen sou yo kounye a, nou wè l klè lè nou travèse la a. Nou pa konprann li kounye a paske n ap frape nan li, nou pa gen sans sa a. Ou di: “M—m santi yon sansasyon dwòl isi a aswè a. Sanble pou mwen tankou gen yon...M jis vle kriye, oswa rele fò, oswa on bagay.” Se Zanj Seyè a. Ou wè?

200 Tankou yon moun di, nou konnen, ki pat janm gen sans vizyon an, di: “Detanzantan m santi on bagay reyèl, tankou yon sansasyon tankou chalè.”

Ou di: “Se limyè solèy la.”

201 “Kisa ki limyè solèy la? M pat janm wè li.” “Pa gen okenn...” Ou wè. li pat janm wè, pa konn kisa l ye. Ou wè, yon moun lòt bò la a te di l, yon moun ki ka wè l. O la la! Ou wè?

202 Nou jis chanje. Nou jis chanje, pa pè lanmò. Lanmò pa anyen ke yon epouvantay. Jezi te konkeri l. Menm lè Pòl vin nan fen an, li te di: “Lanmò, kote zegwi w? Kote perèz ou? Tonm, kote vikwa w? Ou di w pran m? M—m vle tounen pwente laba Jerizalèm. Gen yon tonm ki vid la a e “M se sila a ki te konkeri toude nan nou, lanmò ak lanfè,’ epi mwen nan Li e ou pa ka kenbe m! M ap leve ankò.” O la la! Li te di: “Gen yon kouwòn ki te poze pou mwen, ke Seyè a, Jij ki jis lan, ap ban mwen; e pa sèlman mwen, men tout sila yo ki *renmen* aparisyon Li.”

203 Nou renmen Li. Nou vle wè vini Li. N ap tann Li. Se yon istwa ki long, se yon—se yon atant ki long. Se yon istwa lanmou. Men nou jis pa ka tann jouk nou wè Li! O la la! Se fason sa l ye. O, se tan n ap tann lan, se lè a! Si kè w pa tankou—tankou—tankou jou swa sa a, zanmi, fè atansyon. Ou wè? Fè atansyon. Pa kite lènmi twonpe nou. Lè Sentespri a ki anndan isi a vle pran vole L al jwenn Kreyatè Li, al jwenn Kreyatè Li, gen yon istwa lanmou ke pèsòn pa ka pale de li. Se vre, li reyèl. Li reyèl.

204 Kidonk si gen yon avètisman, ki di: “Ou pa pare pou sa,” alò sonje, Bondye te ka ap fè w pare pou on bagay. Ou wè? Ou pa pare...

205 Ou di: “Ebyen, si m vin batize, Sentespri a, lè sa a, ebyen, petèt Seyè a ap pran m?” Non, pa sèlman sa, ou jis ap pare lè sa a pou viv. Ou—ou pa pare pou viv jouk ou gen Sentespri a, epi lè ou gen Sentespri a lè sa a ou jis fèt pou w viv. Ou pat fèt pou viv anvan sa, ou wè, men kounye a ou jis fèt pou viv apre w gen Sentespri a. Ou wè? Jis ap pare w. Ou wè?

206 Moun di: “Ebyen, m dwe pare pou mouri.” O la la, m ap pare pou m viv! Amèn. Bagay la se ke, pare pou viv, viv nan Kris! Yon vi ak vikwa sou peche, lanmò, lanfè, m deja gen lavikwa. Li se Lavikwa mwen e mwen se prèv Li, e m se yon prèv de Lavikwa Li. Amèn! Se sa.

207 Kijan w fè konnen ou genyen L?" M genyen L. Amèn. Li ban mwen L pa gras Li. M santi L. M konnen L. M wè Li kap aji nan vi m. Li te chanje m. E selon Liv sa a isi a, Li te di ke m te gen Lavi Etènèl e m pa tap kapab vin nan Jijman an, men m te pase sot nan lanmò al nan Lavi paske Li te pran jijman m lan pou mwen. E si L te peye pri an, pa eseye pote okenn Jijman ban mwen. Li te fin pran l pou mwen, e m te asepte l. Wi, mesye.

208 Kidonk pa gen jijman ankò. Pa gen lanmò ankò—ankò. O, m dwe kite legliz la epi kite moun yo on jou, men sa...si Jezi tade. E si sa rive, pouki, o la la, m pa mouri. M pa ka mouri, m gen Lavi Etènèl. Kijan w ka mouri ak Lavi Etènèl? Ou wè? Toujou nan Prezans Bondye e va avè L pou tout tan! Amèn! sa eksite kè m, o la la, fè m vle kòmanse preche ankò. Ou wè? Se vre. O, Li Mèveye!

Èske L pa mèveye, mèveye, mèveye?

Èske Jezi Seyè m pa mèveye?

Je te wè, zòrèy te tande, sak anrejistre nan Pawòl Bondye;

Èske Jezi Seyè m pa mèveye?

M renmen temwayaj sa a.

Je te wè, zòrèy te tande, sak anrejistre nan Pawòl Bondye;

Èske Jezi Seyè nou pa mèveye?

209 O, m renmen l! Li se Lapè m, Lavi m, Espwa mwen—mwen, Wa mwen, Bondye mwen, Sovè mwen, pa m... (O la la!) Papa mwen, Manman mwen, Sè mwen, Frè mwen, Zanmi mwen, tout bagay mwen! Nou wè? Nou te konn chante yon ti chante kon sa. Nou konnen, èske nou tout pa janm pran ti chante Pannkotis sa yo tankou...M espere yo fenmen anrejistrez sa a, ou wè. Chante sa a nou te abitye chante:

Li se papa mwen, manman mwen, sè mwen ak frè mwen,

Li tout bagay pou mwen.

Li tout bagay, Li tout bagay pou mwen;

Li tout bagay, Li tout bagay pou mwen;

Paske L se papa mwen, manman mwen, sè mwen ake frè mwen,

Li tout bagay pou mwen.

210 Nou sonje lè m te konn chante sa? Nenpòt nan nou sonje sa? O la la, dè zane de sa!

Epi apre nou te konn di:

M konnen se te San an, m konnen se te San an,

M konnen se te San an pou mwen;

Yon jou lè mwen te pèdi, Li te mouri sou Kwa an,

E m konnen se te San an pou mwen.

211 Nou sonje ti chante sa a? Ann wè, kisa k te lòt sa nou te chante a? Ann wè.

O, èske w pap veye avè m pou inèdtan,

Pandan m al lòtbò a, pandan m al lòtbò a?

O, èske w pap veye avè m pou inèdtan,

Pandan m al lòtbò a pou priye?

M ap genyen batay la, m ap reyisi genyen,

M ap reyisi genyen, m ap reyisi genyen;

Paske m renmen Jezi, Li se Sovè mwen,

E Li souri e L renmen mwen tou.

212 Se te konn vye Frè Smith, yon frè nwa, te abitye anba isi a nan kwen an. O! M ta tande kanmarad nwa sa yo anba la a, m tap jis chita la a epi rele epi kriye epi tout lòt bagay, machin

mwen t ap brase nan tout kò l e m t ap sote tout nan viwonn li konsa. Yo tout t ap bat men yo.

[Frè Branham bat men l pandan l ap chante—Editè a.]

O, èske nou pap veye avèk...

Ti bit sa a moun nwa yo genyen, nou konnen. Pèsòn pa ka chante tankou yo; nou ta ka otan bliye sa. Ou wè?

...yon lè,

Pandan m al lòtbò a,...

213 O la la! M chita la a, m te di: "O Bondye!" Vye ti gason sa a, apeprè ven tan, m tap kouri fè tou epi fè tou machin sa a epi jis rele epi louwe Bondye kon sa. O, ala yon moman! Se te jis anvan nan kòmansman an, lè Bondye te jis ap bouje nan mitan moun yo kon sa. Kounye a nou vin nan yon Legliz djanm. Pa anpil nan manm yo, men pwisan nan Lespri a. Amèn. Ala mèveye!

214 Apresa te abitye gen yon ti chante...M sonje jou an anba la a nan Chattanooga, Tennessee, lè m te rankontre sa...Pa Chattanooga, se te anba nan Memphis, kote m te rankontre ti madanm nwa sa a, nou konnen, ki te kanpe deyò la a. Nou te tandè m pale de sa, nou konnen. Ti gason l lan te gen maladi ki pran nan fè bagay. E li te gen chemiz mesye sa a mare nan tèt li, apiye sou ban an kon sa. E Seyè a te kanpe avyon sa a la a epi pa tap kite l ale, yon jan, e yo te di m vin pran...E Sentespri an te di: "Fè yon ti vwayaj epi desann nan direksyon sa a."

215 E m te desann al mache pase la a, ap chante. M te panse: "O la la, avyon m prèske pare pou l patil!"

216 Jis te ret ap di: "Avanse. Kontinye ale. Kontinye ale." Jis nan kòmansman ministè m.

217 E m te gade, ki apiye sou kloti a la a, epi yon ti kay tou piti zwit, ti plas la a. Te gen yon sè granmoun ki kanpe la a. O, li te...Te sanble tankou youn nan sè sa yo sou krèp Tant Jemima yo. Gwo gran machwa gra, nou konnen, epi cheve l—l, chemiz li mete sou dèyè. Li te apiye sou pòtay la kon sa, epi m jis...M tap chante ti chante sa a sou...ti...Kisa ki te...M

bliye non ti chante m te chante a. Kounye a, se yon bagay sou—sou...Se te on ti chante Pannkotis toupiti, on ti jibile.

218 Epi m jis sispann chante, m te rive tou pre. Epi m te pase a kote. Epi l te kanpe la a ak dlo kap kouri desann sou gwo machwa gra sa yo; m te vle vlope l. Li te di: “Bonjou, pas!”

M di: “Matant, kisa w te di?”

Li di: “M di: ‘Bonjou, pas.’”

219 M di: “Kijan w te fè konnen m te on pastè?” Kounye a, pou moun nan Sid la, sa vle di “minis,” nou konnen. Di: “Kounye a, kijan w te fè konnen m te yon pastè?”

Li di: “M te konnen w tap vini.”

220 M di: “Ou te konnen m tap vini?” M te panse: “O o, men li, ou wè.”

221 Li di: “Wi, mesye.” Di: “Èske w te—te janm li istwa nan Bib la, pastè, sou fanm Shunammite lan?”

M di: “Wi, matant, m te li l.”

222 Li di: “M te jan de fanm sa a.” Li di: “Epi m te mande Seyè a pou ban m yon bebe, mwen ak mari m, epi m tap leve l pou Li.” Li di: “Li te fè sa, Li ban m on bebe.” Epi l di: “M te leve l, yon gason debyen.” Li di: “Li te pran nan move frekantasyon, pas. Li te pran yon move maladi,” epi l di: “l ap lonje anndan la a ap mouri. Li mouran depi apeprè de jou kounye a. Li pa menm vin nan limenm depi de jou. Doktè gason an te isi a epi l te di: ‘Li pa ka viv,’ li di: ‘l ap mouri.’ Se te yon maladi sosyal.” Epi l te di—te di: “M pat ka apèn sipòtè pou m wè bebe m lan mouri, epi m te priye tout lannwit.” Epi l di: “M di: ‘Seyè,’ li di: ‘M te jan de fanm ke fanm Shunammite la te ye, men’ li di: ‘kote Elize W lan?’”

223 Epi l di: “M t al dòmi epi m te fè on rèv, ke m te kanpe isi a nan pòtay sa a, epi m te wè w k ap desann lari a ak ti chapo sa a on jan mete sou bò tèt ou.” Men l di: “Gen sèlman yon bagay,” li di: kote sa...” Li di: “Ou te sipoze gen yon malèt nan men w.”

M di: “M fèk kite l anba la a nan Peabody Hotel.”

224 Li di: “M te konnen w te sipoze gen yon malèt.” Epi I di: “Bebe m lan ap mouri.”

M di: “Non pa m se Branham.”

Li di: “M kontan rankontre w, Pastè Branham.”

225 M di: “M priye pou malad yo. Èske w te janm tande pale de ministè m?”

226 Li di: “Non, m pa kwè m te janm tande sa.” Li di: “Èske w pap vle antre?” Epi m te mache antre.

227 Gwo kanmarad sa a lonje la a kon sa. M tap eseye pale l de gerizon Divin, men se pat sa ki tap enterese l. Li te vle tande gason sa a di li te “ sove epi pare pou l ale.” E li di...E Bondye te sove l.

228 E apeprè yon lane apre m te wè l deyò la a antanke moun kap pote bagaj nan estasyon an. Kijan Seyè a fè bagay yo!

229 Epi lè m te tounen, apre sa, m te sipoze...avyon sa a te sipoze pati a setè, epi li te apeprè nevè edmi. Epi m te pran yon taksi epi m te tounen. E jis antan m te antre, te di: “Dènye apèl pou vòl nimewo *tèl tèl bagay*.” Seyè a te kenbe avyon sa a atè a la a pandan m t al piye pou gason sa a. Ou wè? Se sa.

230 M tap eseye panse a sa, yon ti chante: “*Youn Nan Yo*.” Se sa. O, kijan nou te konn fè wonn sa a anndan isi a, epi bat men nou. Nou tap di:

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo; (Alelouya!)

Youn nan yo, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Yo te rasanble nan chanmòt la,

Tout ap priye nan Non Li

Yo te batize ak Sentespri a, E pwisans pou sèvis te vini;

Kounye a sa L te fè pou yo jou sa

L ap fè pou ou menm jan,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

Youn nan yo, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo. (Èske se sa n ye?)

231 Koute vèsè sa a.

Menm si moun sa yo ka pa aprann pou yo ye,

Oswa gonfle lestomak yo pou selebrite lemonn,

Yo tout te resevwa Pannkot yo,

Te batize nan Non Jezi;

Epi y ap di kounye a, alafwa an lon e an laj,

Pwisans Li jis menm jan,

E m tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

O, youn nan yo, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

Youn nan yo, o, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

O, vini, frè m, chache benediksyon sa a

K ap netwaye peche nan kè w,

L ap fè klòch lajwa kòmanse sonnen

E l ap kenbe nanm ou anflame;

O, l ap boule kounye a anba nan kè m,

O, glwa pou Non Li,

E m tèlman kontan m ka di m se youn nan yo. (Èske nou kontan pou sa?)

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

O, youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

232 O, èske n pa kontan? Ann jis bay youn lòt lanmen lè nou chante l. Kisa n di? Ann fè sa.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

M tèlman kontan tou, frè.

O, youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

O, vini, frè m, chache benediksyon sa a

Kap...nanm anflame,

Kap fè klòch lajwa kòmanse sonnen

E kap kenbe nanm ou anflame;

O, I ap boule kounye a anndan kè m,

O, glwa pou pa Li...

Ann leve men nou anlè.

Kontan m ka di m se youn nan yo.

233 Tout ansanm.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

M se youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

234 Koute byen ankò kounye a, ou wè.

Menm si moun sa yo ka—ka pa aprann pou yo ye, (yo pa janm sot nan kolèj)

Oswa gonfle lestomak yo ak renome lemonn,

Yo tout resevwa Benediksyon Pannkotis yo,

Te batize nan Non Jezi;

Epi y ap di kounye a, ni olwen ni olaj, (chak ti kwen ak rakwen)

Pwisans Li poutan menm jan,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

235 O, chante l, legliz!

...yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

O, youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan...

236 Pran ti mouchwa nou kounye a.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

O, youn nan yo, youn nan yo,

E m tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

237 Louwe Seyè a! Amèn! Nou jis tankou timoun. Pa gen anyen fòmèl sou nou. Bondye san fòm. Èske se vre? Wi, mesye!

M se youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

M se youn nan yo, youn nan yo,

O, m tèlman kontan m ka di m se youn nan...

238 Èske nou vrèman kontan nou ka di sa? Jis leve men nou, di: "Louwe Seyè a!" [Asanble di: "Louwe Seyè a!"—Editè a.] Louwe Seyè a! M kontan ke m se youn nan yo! M kontan pou m sa.

239 Seyè Bondye, m tèlman kontan. Youn nan yo! Youn nan yo! M tèlman kontan ke m ka di m se youn nan yo. O Bondye, ede nou pou n sa. Ede nou kenbe Limyè a klere, Seyè, antan n ap mache nan direksyon Siyon. Akòde I, Papa. Nan Non Jezi, nou ofri vi nou ba Ou pou sèvis. Amèn. Amèn.

O, n ap mache al Siyon,

O, bèl, bèl Siyon;

N ap mache monte al Siyon,

Bèl site Bondye sa a.

Vini, nou ki renmen Seyè a,

E kite yo konnen lajwa nou

Reyini nan chante ak akò ki dous,

Reyini nan chante ak akò ki dous,

E konsa antoure twòn lan

Epi...(O, jis chante nan Lespri a!) ...twòn lan.

O, n ap mache al Siyon,

Bèl, bèl Siyon sa a;

N ap mache monte al Siyon,

Bèl site Bondye sa a.

O, n ap mache al Siyon,

Bèl, bèl Siyon;

N ap mache monte al Siyon,

Bèl site Bondye sa a.

Kite sila yo ki refize chante

Ki pat janm konnen Bondye nou an;

Men pitit Wa selès la,

Men pitit Wa selès la,

Ka pale de lajwa yo lòtbò a,

Ka pale de lajwa yo lòtbò a.

240 Ann chante II!

N ap mache al Siyon,

O, bèl, bèl Siyon;

N ap mache monte al Siyon,

Bèl site Bondye sa a.

241 O, èske sa pa foubi nou? Èske nou pa renmen ansyen chante sa yo? M—m ta pito genyen yo pase tout sa nou ka...oswa nenpòt nan lòt kalite chante sa yo nou ka genyen. Ansyen bon vye kantik ki sot nan kè sa yo. O la la! M tèlman santi m byen epi kontan lè m chante yo, jis byen! O la la, jis santi tankou m ap rejwi!

Pran Non Jezi a avèk ou,

Pitit chagren ak malè;

L ap ba ou lajwa ak konsolasyon,

O, pran li, tout kote w prale.

Presye Non (presye Non!), O ala dous! (O ala dous!)

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

242 Antan nou koube tèt nou kounye a:

Nan Non Jezi a ap koube,

Tonbe fas atè nan pye L,

Wa dè wa nan Syèl nape kounwone L,

Lè vwayaj nou an fini.

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak...

[Frè Neville fenmen sèvis la—Editè a.]